


Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè
Commission Episcopale Nationale Justice et Paix

Bilten JILAP
Bulletin JILAP



Pòtoprens, novanm 2005

Men ki sa n ap jwenn nan Bilten sila a

Yon ti mo pou louvri Bilten an	3
Pou refleksyon nou	5
Mesaj pou lanmò pè Paul Verèl Antoine Rekonsilye peyi a ak tèt li	
Deklarasyon Jilap nan peyi a	13
Fòmasyon	22
PNF 5 : Dwa moun ak kilti peyi d Ayiti a Bati lapè : chanje figi konfli san gwo ponyèt	
Jilap te patisipe	25
Dokiman	37
Yon lòt Ayiti posib Trèt ak trafik moun Sant San Felipe nan Puerto Plata	
Kòmantè	47
Jistis ak politik nan tan tranzisyon Enpòtans pwochèn eleksyon yo Fè jistis : oini koupab oswa refè relasyon ant moun ?	
Jistis ak Lapè toupatou sou tè a	54

Publikasyon Bilten sila a posib gras ak konkou finans MISEREOR ansanm ak Komisyon Ewopeyen an. Se Komisyon Jistis ak Lapè a ki sèl responsab sa k ekri nan Bilten an. La publication de ce Bulletin est rendue possible grâce au concours financier de MISEREOR et de la Commission Européenne. La responsabilité du contenu des articles publiés dans ce Bulletin revient à la seule Commission Nationale Justice et Paix.

Yon ti mo pou louvri *Bilten* an

Nan moman n ap travay sou *Bilten* sila a, Pè Paul Vèrèl Antoine, direktè Komsiyon Jistis ak Lapè nan dyosèz Jeremi, pati kite n. Nou pataje doulè manm Komisyon Jistis ak Lapè nan dyosèz Jeremi an, ak tout fanmi ak zanmi Pè Pòl Verèl. Kèk mesaj nan okazyon sa a antre nan chapit « Pou refleksyon nou ».

Yon lòt refleksyon te fèt nan okazyon asanble jeneral Komisyon an nan mwa janvyè 2005 : *Rekonsilye peyi a ak tèt li*. Lè n gade tout sa peyi a ap viv nan moman sa a, lè n gade byen, èske nou bezwen di se yon gwo kriz idantite peyi a ak pèp ayisyen an ap viv ? Eske moman an pa rive pou n asepte kilès nou ye, ak tout istwa n, jan l te ye, ak tout kilti n, jan l ye tou ?

Plizyè manm Jilap te reprezante Komisyon Jistis ak Lapè nan kèk rankont lòtbò dlo. Yo bay yon ti kont randi sou jan sa te ye. Konsa, nou chak nou kapab pataje nan eksperyans yo a. Sitou virewon ki te fèt an Ewòp kapab atire atansyon n. Anvan yo te pati, yon gwoup 50 òganizasyon an Ayiti (pami yo Jistis ak Lapè) te prepare yon mesaj bay patnè ak lòt moun (tankou reprezantan gouvènman divès peyi yo) yo ta pral rankontre. Nou jwenn ranmase mesaj sa a nan *Bilten* sa a nan lang kreyòl. Tit la deja montre espwa mesaj la pote : *Yon lòt Ayiti posib*.

Nou vin pwòch eleksyon yo. Chapit « Kòmantè » bay kèk lide sou jan jistis ak politik toujou rete mele nan peyi a. Lòt atik la montre n aklè enpòtans eleksyon genyen, menm si demokrasi ak yon eta dedwa pa vle di sèlman eleksyon. Nan menm chapit la nou reflechi sou sans jistis la menm genyen. Eske fè jistis se sèlman yon kesyon pini koupab, epi asire reparasyon pou viktim nan ? Eske se pa tout kominote a ki dwe santi jistis ki fèt la lè yo wè jan relasyon yo kòmanse reviv ant moun sa yo ki te nan konfli a ak pami lòt moun nan kominote a tou, ki te viktim yo menm tou sa k te pase a ? Apwòch sila a genyen anpil egzijans ladan l.

Sa se pi gwo atik yo n ap jwenn nan *Bilten* sa a. Nou espere l ap sèvi pou manm Jilap yo kontinye fòme tèt yo gras ak sa y ap jwenn nan divès atik yo.

Ekip *Bilten* an salye ou.

Editorial

Au moment de finaliser ce *Bulletin*, nous apprenons la triste nouvelle du décès du Rév. Père Paul-Vérèl Antoine, directeur de la Commission Justice et Paix de Jérémie. Nous partageons la douleur des membres de la Commission à Jérémie, de la famille et amis du père Paul. Vous pouvez lire quelques messages à l'occasion de ce départ sous la rubrique « Pour notre réflexion » de ce *Bulletin*. Une autre réflexion reproduit l'intervention principale faite durant l'assemblée générale de Jilap en janvier 2005 : Réconcilier le pays avec lui-même. Quand nous regardons ce qui se passe aujourd'hui dans le pays, il faut se demander si le peuple haïtien n'est pas en train de vivre une crise d'identité qui le met face à lui-même comme peuple et nation. Est-ce que l'heure n'est pas venue de s'accepter avec toute son histoire et sa culture ?

Plusieurs membres de Jilap ont participé à des rencontres et événements internationaux. Le *Bulletin* est l'espace pour partager ces expériences. Surtout la tournée en Europe mérite notre attention. Avant le départ de cette mission, les représentants de 50 organisations (parmi eux Justice et Paix) pour préparer un message à soumettre aux partenaires européens et aux représentants gouvernementaux qu'ils rencontreraient. La synthèse de ce message se trouve dans le *Bulletin*. Il porte un titre, qui témoigne du contenu positif du document : *Une autre Haïti est possible*.

Les élections s'approchent de jour en jour. Dans le chapitre « Commentaires » nous donnons quelques idées sur la façon que la politique et la justice continuent à s'entremêler dans le pays. Une autre contribution indique l'importance des élections, même si la démocratie ne devrait pas être réduite à celles-ci. Dans le même chapitre, vous trouverez une réflexion sur le sens de la justice. Est-ce qu'il s'agit seulement de punir les coupables et de prévoir réparation pour les victimes ? Ou bien, est-ce que toute la communauté ne devrait pas se sentir mieux grâce à la justice rendue, quand elle constate comment les anciennes relations commencent à revivre entre les personnes autrefois en conflit ? Cette approche contient évidemment de nombreuses et nouvelles exigences.

Voici les plus importantes contributions que vous trouverez dans ce *Bulletin*. Nous espérons que le *Bulletin* sera utile en premier lieu pour la formation continue de nos membres. Bonne lecture.

L'équipe du *Bulletin* vous salue.

Pou refleksyon nou

**Mesaj Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi
nan okazyon fineray Pè Pòlverèl Antwàn
28 oktòb 2005**

Lavi a toujou gen moman sipriz ladan l. Gen sipriz ki fè kè w kontan, genyen ki fè w tris. Nouvèl lanmò Pè Pòl se yon nouvèl ki fè tout moun ki konnen l yo tris. Li tris anpil, paske nou pa t pare pou tann nouvèl lanmò. Poutan lanmò se youn nan nouvèl nou dwe ap tann toutan. Anba isit la, se kote sa ki bon yo pa viv lontan. Men se volonte Bondye; nou pa ka kont sa. Bondye bay, Bondye pran, se pou volonte Bondye fèt. Se pou volonte l fèt nan lavi kon nan lanmò, nan kè kontan kon nan tristès.

Sòti nan lane 1999, rive jounen jodi a, pè Pòl nan tèt Komisyon Jistis ak Lapè nan dyosèz la kòm direktè. Depi lè sa, kòm pa gen moun ki pa gen defo, nou kapab di te gen yon papa nan mitan fanmi Jilap la. Administrasyon l te trè pozitif, e se yon moun ki te konn kolabore ak rès manm Jilap yo pou l te kab leve nivo enstisyon sa a nan dyosèz la.

Li pa t plezante ak ou, men l te vètikal nan sa l t ap fè. Pè Pòl toujou di: *Wi se wi, non se non*. Jistis malere yo pa dwe tounen mayi pou leve ti poul grannèg anba moulen. Se ak sa li te vle di fason l ta renmen pou Dwa ak Diyite moun, sitou dwa medam yo, respekte nan Grandans lan.

Rèv yo anpil, men posiblite yo kout. Ti Pòl, men nou ki rete de (2) bra pandye. Eske se vre, latè ap bwè lespwa nou te genyen? Men ou ki rive nan bout chemen an, pran kouraj, frè n, ale, se pou Manman Mari ak Jezi Gran Frè n kondwi ou rive jis nan pòtay kay Papa Bondye a.

Fowòm sitwayen Grandans ak Jilap Jeremi di tout moun pran kouraj epi bon vwayaj Polo, n a wè ankò.

Mesaj nan sikonstans lanmò Pè Joseph Paul Vèrel Antoine, direktè Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi

Nou menm manm Komisyon Jistis ak Lapè toupatou nan peyi a, nou koube nou byen ba pou nou salye depa frè nou Pè Paul Verel Antoine ki te enpòtan pou nou. N ap pwofite trase pakou potòrik gason sa a nan Komisyon Jistis ak Lapè.

Pè Joseph Paul Vérel Antoine, depi lane 1999 jis li rann dènye souf li lendi 24 oktòb 2005 lan, te bay tout swè li nan batay Komisyon Jistis ak Lapè ap mennen pou dwa ak diyite moun nan sosyete peyi d Ayiti respekte tout bon vre.

Pè Joseph Paul Vérel Antoine te devwe l kò e am nan tout Pwogram Komisyon Jistis ak Lapè mete sou pye pou chanje kondisyon lavi moun, tankou: nan vizit prizon pou fè dwa ak diyite prizonye yo respekte, nan patisipe nan fòmasyon ajan pastoral dwa moun, nan pwogram Plan nasyonal fòmasyon, nan ede moun yo konnen kijan pou rezoud konfli san gwo ponyèt, nan Fowòm sitwayen pou refòm lajistis, elatriye.

Nou menm, manm Komisyon Jistis ak Lapè toupatou nan peyi a, nou pataje soufrans ak lapèn tout klèje dyosèz Grandans lan ak kongregasyon Voluntas Dei, fanmi, zanmi, pawasyen, pawasyèn ak tout moun depa sa a frape, espesyalman manm Komisyon Jistis ak Lapè yo nan dyosèz Jeremi.

Nan sans sa a, nou ankouraje Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi an pou yo kontinye travay pou kenbe byen wo ideyal ak objektif pè Joseph Paul Vérel Antoine te genyen pou dwa ak diyite tout moun rive respekte.

Pou fini, pè Paul, jan tokay ou Sen Pòl di li nan 2 Timote 4 vèsè 7 ak 8, ou te mennen batay la byen, ou rive nan bout kous ou. Ou te kenbe konfyans ou fèm nan Bondye. Koulye a, se rekonpans ou w ap tann pou lavi kòrèk ou te mennen sou tè a.

Bon vwayaj, repoze nan lapè.

Manm Komisyon Jistis ak Lapè toupatou nan peyi a.

Pòtoprens, 26 oktòb 2005

**Message à l'occasion du décès du père Joseph Paul Vérèl Antoine,
directeur de la Commission diocésaine Justice et Paix de Jérémie**

Nous mêmes, membres de la Commission Justice et Paix à travers le pays, nous nous courbons bien bas pour saluer le départ de notre frère, le Rév. Père Paul Vérèl Antoine, qui était tellement important pour nous. Nous profitons de cette circonstance pour tracer son parcours dans cette dite Commission.

Depuis 1999, jusqu'à sa fin de vie le lundi 24 octobre 2005, le Père Paul Vérèl Antoine s'est donné corps et âme dans la lutte que mène Justice et Paix en faveur du respect et de la dignité des droits de la personne humaine.

Père Joseph Paul Vérèl Antoine s'est donné pleinement dans tous les programmes de la Commission pour changer les conditions de vie des gens, comme la visite des lieux de détention pour faire respecter la dignité et les droits des détenus, la formation des agents pastoraux en droits humains à travers le plan national de formation, la formation des gens pour résoudre les conflits sans violence, le Forum citoyen pour la réforme de la justice, etc.

Nous-mêmes, membres de la Commission Justice et Paix à travers le pays, nous partageons la souffrance du clergé au diocèse de Jérémie et de l'Institut Volontas Dei, de sa famille et amis, ses paroissiens et tous ceux et celles frappés par ce deuil, de façon particulière les membres de la Commission Justice et Paix du diocèse de Jérémie.

Dans ce sens, nous encourageons la Commission Justice et Paix de Jérémie à continuer le travail et à tenir bien haut les idéaux et les objectifs auxquels s'est donné le Père Paul Vérèl, notamment le respect de la dignité et des droits de la personne humaine.

Père Paul, comme l'a écrit ton homologue l'apôtre Paul dans 2 Timothée 4, 7 et 8: tu as mené la bonne lutte en bien, tu es arrivé au bout du

chemin, tu as mis ta confiance en Dieu. Maintenant ce qui t'attend, c'est ta récompense pour la vie juste que tu as menée sur cette terre.

Bon voyage et repose en paix.
Des membres de Justice et Paix à travers le pays.
Port-au-Prince, ce 26 octobre 2005.

Les membres de Justice et Paix qui ont envoyé ce message sont des représentants des différents diocèses, réunis en session à Lilavois, sur la visite des prisons et les gardes à vue pour le respect des droits humains.

Rekonsilye peyi a ak tèt li

P. Gasner Joint

Le thème de la réconciliation paraît régulièrement dans le débat social et politique haïtien. Il y a, certes, la question de la réconciliation nationale. Mais plus profondément, il y a la question de la réconciliation de l'haïtien avec soi-même. Alors on pose la question de l'identité comme personne et comme peuple. Cette brève intervention du P. Gasner Joint lors de la dernière Assemblée générale de la Commission nationale Justice et Paix en janvier 2005, pose cette question de la réconciliation avec soi, qui est la condition de la réconciliation nationale : d'un peuple entre ses membres. P. Gasner indique quelques conditions pour réaliser cette réconciliation avec soi-même. Il en indique cinq : il nous faut accepter notre histoire ; il nous faut accepter notre culture ; il nous faut accepter ce que nous sommes : nègres et pauvres ; il nous faut accepter la condition dans laquelle nous nous trouvons, pour qu'elle puisse devenir une force pour nous ; finalement il nous faut accepter le chemin de la réconciliation comme la route pour sortir de nos problèmes.

An n li 2 tèks sa yo pou kòmanse refleksyon an : Izayi 11, 1-9 ak Lik 4, 16-21. Yo pale sou gwo rekonsilyasyon Bondye vle pote ant tout sa k egziste. Epi Jezi deklare : « Lè a rive ».

Menm jan yon ti plan pouse sòti nan rasin yon pyebwa yo koupe, yon ti kreyòl sòti nan chouk li, se konsa yon Wa pral sòti nan ras David la. Lespri Bondye a pral desann sou li. L ap ba li bon konprann ak lespri. L ap ba li konesans ak ladrès pou l dirije. L ap fè l konn Granmèt la, l ap fè l gen krentif pou li. La pran plezi l pou l obeyi Granmèt la nan tout bagay. Li pa p gade sou figi moun pou l jije yo. Li pa p rete sou sa yo vin di l pou l rann jijman. L ap rann jijman pou pòv yo san patipri. L ap defann dwa pòv malere nan peyi a san paspouki. L ap denonse sa moun ap fè nan peyi a, l ap pini yo. L ap souffle ak bouch li sou mechan yo, l ap disparèt yo. L ap gouvènen pèp la san patipri, l a dirije pèp la jan sa dwe fèt ! Bèt nan bwa ak mouton va viv ansanm. Tig pral kouche menm kote ak jèn kabrit. Jèn ti bèf ak jèn ti lyon pral manje

ansanm. Lèfini, se yon timoun ki pral okipe yo. Manman bèf ak manman lous va manje ansanm nan menm savann. Ti bèf ak ti lous va jwe ansanm. Lyon va manje zèb tankou bèf. Ti bebe nan tete va jwe devan twou koulèv. Timoun fèk sevre va lonje men yo nan bouch twou sèpan san anyen pa p rive yo. Pèsonn pa p fè mechanste, pèsonn pa p fè sa ki mal sou mòn ki apa pou Bondye a, sou mòn Siyon an! Paske kè tout moun nan peyi a pral plen konnesans Bondye, menm jan fon lanmè a plen dlo. (Ezayi 11).

Jezi ale lavil Nazarèt kote l te grandi a. Jou repo a, li antre nan sinagòg la tankou l te toujou konn fè. Li leve kanpe pou l li pou yo. Yo renmèt li liv pwofèt Ezayi a. Lè li louvri l, li jwenn kote kite ekri :

« Lespri Bondye a sou mwen.

Li chwazi m pou m anonse bon nouvèl la bay pòv yo.

Li voye m pou m fè tout prizonye yo konnen yo lage, pou m fè tout avèg yo konnen yo kapab wè ankò, pou m delivre moun y ap maltrete yo, pou m fè yo konnen lè a rive pou Bondye vin delivre pèp li a. »

Aprè sa, Jezi fèmen Liv la, li renmèt li bay moun ki t ap ede nan sèvis la. L al chita. Tout moun ki te nan sinagòg la te gen je yo fikse sou li. Lè sa a li kòmanse di yo. Jodi a, pandan n ap tande pawòl ki ekri la a, li rive vre.

(Lik 6).

Nan moman n ap viv la a, pèp Ayisyen an ap chèche idantite li. Men, gen kèk kondisyon pou sa kab fèt.

Rekonsilye vle di : chèche lapè, amoni ak ekilib ant divès branch sosyal ki genyen nan peyi a. Sitou aprè desepsyon pèp la pran nan lane 2004, ki pase kòm yon moman lawont nasyonal.

Rekonsilye mande pou moun rekonèt erè yo. Se pa sèlman lòt yo ki pou rekonèt li. Se tout moun, mwen menm tou. Ki sa m fè nan sans sa ?

Rekonsilye mande pou n poze kesyon jistis la, sitou zafè jistis sosyal la.

Rekonsilye se yon ijans. Sa se yon konsta nou fè parapò ak sityasyon an.

Ki kote ijans sa a sòti ? Tout fòs peyi a dispèse, divize. Opozisyon ant fòs yo mennen nan gwo vyolans ak zam. Si fòs yo ta ini yo, yo ta kab pote kole pou rebati peyi d Ayiti a.

Rebati peyi a, se yon lòt fason toujou pou pale sou rekonsilyasyon. Gen divès nivo kote rekonsilyasyon dwe fèt : moun dwe rekonsilye ak moun, gwoup oswa sektè dwe rekonsilye ak lòt gwoup oswa sektè, Ayisyen dwe rekonsilye ak tèt li.

Genyen 5 kondisyon pou rekonsilyasyon kab fèt.

- fò n asepte istwa nou, epi fè l tounen yon fòs pou nou,
- fò n asepte kilti nou, epi fò n fè l tounen yon fòs pou nou,
- fò n asepte jan n fèt la, moun nou ye a, epi fò n fè l tounen yon fòs pou nou,
- fò n asepte sitiyasyon nou tonbe ladan an, epi fò n fè l tounen yon fòs pou nou,
- yon lòt kondisyon : nou dwe chwazi rekonsilyasyon kòm yon vre priyorite, kòm yon ijans.

Nou vle di yon pawòl sou divès kondisyon sa yo :

1. Asepte istwa nou : fòk nou konnen l, fòk nou kontan l, nou pa dwe wont li. Lè n gade sikoloji Ayisyen an, pifò moun toujou wè tèt yo kòm esklav. Ou wè sa nan ti pawòl y ap di yo ak nan konpòtman yo.

Pou sa nou dwe pran leson nan istwa n, ki se yon rèv libète, egalite, fratènite ak solidarite. Men tou, nou pa dwe repete erè yo. Fòk nou fè listwa avanse nan sans byen an. Jodi a, se nou k ap fè istwa.

Ayiti gen yon wòl nan listwa moun sou tè a. Fò n bay sa k pozitif lakay nou valè, pou n vin sijè istwa nou.

2. Asepte kilti nou ak mantalite nou, sa vle di: nou dwe asepte sa n genyen, paske nou pa ka sòti nan sa n ye a. Mwen pa p janm tankou lòt. Mwen dwe asepte, renmen epi kontan nan sa m ye. Konpare tèt ou ak lòt pa sèvi anyen.

An n gade kilti Ayisyen an.

- Kilti Ayisyen an gen eleman kretyen ladan l. Pi fò moun nan peyi a, menm vodouyizan, pran eleman kretyen nan vi yo. Yo pran imaj kretyen, objè, bon kalite tankou pataj, solidarite, pèseverans ak espwa.
- Vodou a, se pa tout kilti Ayisyen an, men li gen gwo enpak sou li. Nou dwe fè yon jefò pou ede Ayisyen konprann tèt li. Vodou se yon etap nan panse Ayisyen an. Ou pa ka rejte l.
- Se konsa tou, lang nou se yon ekspresyon mantalite a. Fòk ou asepte l kòm pa ou.

3. Asepte moun ou ye a, sa vle di : asepte milye ou ap viv ladan an, se fòm tèt ou, se koulè ou ak tout soufrans ki mache ak li.
Pè Gogo Midy t ap di : kòm Ayisyen, fò n asepte sa n ye : nou Ayisyen, nou nèg, epi nou pòv.
Gen anpil prejije ak konplèks, tankou : Ayisyen pa ka òganize depi nan Ginen, nèg rayi nèg.
Gen yon bagay pou n byen konprann : se pa tèknik ki bay moun valè, se moun ki bay teknik valè.
Richès pèp nou, se moun nou ye.
4. Asepte sitiyasyon n, sa vle di: fò n renmen kote n fèt la, anviwònman peyi a. Nou pa dwe voye jete sosyete nou an ak politik peyi a.
Sèlman, nou dwe fè chwa ki ede n pi devan.
5. Rekonsilyasyon nasyonal se li k pi gwo pwoblèm nan. Nou bezwen jès konkrè ki montre nou asepte diferans yo, epi nou akeyi lòt yo.
Nou dwe rezoud konfli yo ki genyen, olye nou pouse dife pou divize pou reye.

Ki jan sa dwe fèt? Kilès ki dwe fè? Ki lè?

Tout relijyon yo gen kòm misyon pou kreye amoni ak sa k pi gran an. Relijyon tradisyonèl yo kreye amoni ak lakreyasyon, relijyon istorik yo genyen yon fondatè. Men yo tout se amoni yo chèche mete. Konsa relijyon yo gen yon misyon espesyal pou kreye amoni epi pou rekonsilye peyi a ak tèt li.

##

Deklarasyon Jilap nan peyi a

Nou fè sonje divès deklarasyon Jilap te fè depi oktòb 2004 rive sektanm 2005.

Pour la mémoire, dans cette rubrique nous mentionnons les interventions publiques de Jilap depuis octobre 2004 à juillet 2005. Le texte intégral de ces interventions se trouve sur le web : www.forumcitoyen.org.ht/jilap.

Jilap nasyonal

Mesaj Jistis ak Lapè Nasyonal nan okazyon Asanble Jeneral li te fèt nan Maryani Kay Mè Lasajès yo, sòti 16 rive 20 janvyè 2005. 60 delege nan tout dyosèz peyi a te patisipe.

Komisyon an konstate anpil vyolasyon nan zafè dwa moun ak fay nan sekirite ki gen nan peyi a. Jistis ak Lapè denonse lantè ak koripsyon ki genyen nan sistèm lajistis la, ki ankouraje enpinite, koripsyon, fristrasyon, vyolans ak pèsekisyon nan sosyete a. Komisyon an mande pou lapolis pi pwofèsyonèl nan entèvensyon l yo, epi pou l respekte dwa chak moun genyen. [...]

Jistis ak Lapè mande pou gouvènman an rive jwenn mwayen ak estrateji pou reponn ak dwa malad yo nan moman grèv doktè nan Lopital jeneral nan Pòtoprens ak nan lopital Jistinyen Okap. Jistis ak Lapè fè sonje grèv dwe rete yon dènye mwayen pou yon gwoup moun revandike dwa yo.

Jistis ak Lapè pa santi gouvènman an angaje toutbon pou reponn bezwen fondanatal popilasyon an, nan konbat lavichè ak degradasyon anviwònman an.

Jistis ak Lapè apresye tout jefò k ap fèt pou genyen yon chita pale toutbon k ap mennen nan yon vre rekonsilyasyon nasyonal. Yon chita pale konsa pa dwe bliye okenn sektè nan sosyete a epi li dwe fèt sou vrè pwoblèm peyi a tankou : gwo distans ant rich ak pòv, peyizasyon ak moun lavil, epi tout sa ki fè pi fò moun pa kab patisipe nan lavi peyi a.

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Nasyonal nan okazyon dezyèm dimanch karèm nan Legliz katolik, jou ki te 18 fevriye 2005.

Komisyon an te souleve de (2) kesyon :

- Kesyon dwa moun nan gadavi ak prizon yo. Komisyon denonse kondisyon fizik moun yo kenbe yo. « Gadavi yo ak prizon yo pa dwe kote santiman lahèn ak fristrasyon ap

devlope. Lè yo pa respekte moun, prizon yo kapab tounen motif pou gen plis vanjans ak vyolans denmen.» Komisyon an fè yon seri rekòmasyon pou korije sitiyasyon an.

- Kondisyon malad yo nan sant sante yo. Pou amelyore kondisyon yo, Komisyon an mande pou lopital piblik tounen yon priyorite pou Ministè sante piblik la. Fòk tout moun ki travay nan sèvis yo respekte byen ki pou Leta a. Fòk genyen sèvis ijans efikas lè y ap fè grèv. Gouvènman an dwe genyen yon politik lasante ki klè. « Bòn jesyon, konpetans ak onètete fè pati respè pou dwa moun. »

Nòt pou laprès, 24 mas 2005. Nan okazyon 25yèm anivèsè lanmò asasina Monseyè Oscar Arnulfo Romero, ki te tonbe nan peyi Salvadò jou 24 mas 1980.

Nan monseyè Oscar Romero nou jwenn yon mesaj Lapè, yon konbatan pou Lajistis ak yon temwen lavi ki t ap swiv Jezi nèt ale.

Nòt la dekri ki kalite moun monseyè Romero te ye. Asasina pè Rutilio Grande, yon pè jezwit, ansanm ak 2 peyizan nan yon bouk ki rele Aguillares, louvri je Monseyè a. Sete tankou je Sòl ki Sen ki t ap louvri sou wout Damas. Depi lè sa a, li kite tout timidite ak lapèrez pou l denonse tout sa yo t ap fè pèp pòv la sibi.

Nòt la fè sonje pawòl Monseyè Romero kèk jou anvan lanmò l, lè l t ap di : « *Mwen adrese yon apèl espesyal bay moun ki nan lame.... nan lapolis... Frè m yo, nou se menm pèp la, nou asasinen pwòp frè n, peyizan yo. Anvan lòd yon moun bay pou touye moun, genyen lòd Bondye k ap di: ou pa p touye... Li lè li tan pou n rejwenn konsyans nou, epi pou obeyi konsyans nou anvan nou obeyi yon lòd pou fè peche... Nan non Bondye, nan non yon pèp k ap soufri epi k ap fè rèl li monte jouk nan syèl lal chak jou pi fò, mwen mande n, mwen sipliye n, mwen ban n lòd nan non Bondye : Sispann fè represyon ».* Yon jou apre li te di pawòl sa yo, yo asasinen l.

Peyi Salvadò fè n sonje pwòp peyi pa n. Lanmò monseyè Romero fè n sonje pwòp mati nou yo k ap tann jistis : pè Jean Marie Vincent, pè Ti Jean Pierre Louis, Claudy Museau, ak pakèt lòt moun sa yo ki nan non lafwa yo te pran angajman pou fè lavi donnen.

Ansanm ak Monseyè Romero Jistis ak Lapè mande tout moun ak tout gwoup ki gen zam nan men yo, tout moun k ap pouse lòt moun fè vyolans pou tout kalte enterè : « Reveye konsyans ou, respekte lavi moun. Sispann touye pwòp frè ak sè ou yo. An n chèche lòt chimen ki alawotè diyite nou kòm moun pou regle pwoblèm nou yo. »

Lèt tou louvri pou Monsieur Hérard Abraham, Chanselye peyi d Ayiti ak Minis Relasyon Eksteryè, nan dat 22 me 2005.

Komisyon an te resevwa rapò ki sòti nan men manm li yo nan Nòdès peyi a sou rapatriman konpatryòt Ayisyen yo. Komisyon an te swiv tou ak anpil enterè deklarasyon Chanselye peyi d Ayiti a te fè sou menm evènman sila yo. Nou enkyete anpil, paske nou

panse Ministè Relasyon Eksteryè a pa fin konprann sityasyon dramatik ki prezante sou fwontyè ak Repiblik Dominiken an nan moman sa a. [...]

Komisyon Jistis ak Lapè a mande otorite reskonsab nan peyi a pou yo konprann gravite sityasyon an ki devan yo a, epi danje ki kontinye ap menase Ayisyen yo k ap viv nan peyi vwazen an. [...]

Komisyon Jistis ak Lapè ap ankouraje otorite Ayisyen pou yo egzije otorite Dominiken yo respekte dwa sitwayen Ayisyen yo ki nan peyi Dominikani, menm sa ki ilegal, paske moun pa bèt.

Komisyon Jistis ak Lapè a ankouraje otorite Ayisyen pou yo egzije otorite Dominiken yo respekte Pwotokòl akò sou rapatriman ki te siyen nan dat 2 desanm 1999 ant de [2] peyi yo e ki dekri aklè ki mekanis pou yo respekte nan ka rapatriman.

Nòt pou laprès, KDN jou ki te 3 jen 2005 pou denonse zak kriminel ki te fèt madi 31 me 2005 lan nan Mache Tèt Bèf, nan lakou Pòtoprens, kapital peyi a.

« Li pa posib pou zak vyolans avèg sa yo kontinye ap fèt kont malere toujou, kont moun sa yo ki deja pote tout chay kriz politik, ekonomik ak sosyal peyi a. » Okenn kòz politik oswa defans yon enterè ekonomik pa ka jistifye yon zak konsa.

Komisyon an mande pou divès òganizasyon ekonomik ak pati politik, chak fwa gen zak malonèt ki fèt nan non yo, oswa si ta gen patizan yo ki mele ladan l, pou yo pran distans yo aklè ak zak vyolans ki fèt la.

Nòt pou laprès, 20 jiyè 2005, lavèy antèman jounalis, atis ak powèt Jacques Roche.

Komisyon an denonse yon lòt fwa tout vyolans k ap fèt nan kapital la ak nan tout peyi a. « Non, vyolans sila a pa kab kontinye konsa. Moun pa fèt pou aji konsa ak moun parèy yo. » Komisyon an mande: Poukisa otorite yo pa t fè anyen pou sove Jacques nan men bouwo yo ? Kilè enpinite sa a ap fini ? Kilè kriminel ap blije rann kont pou zak y ap fè yo ? Kilè ap gen jistis san fòs kote ak san voye monte ?

Jacques Roche te angaje tèt li pou chanjman tout bon vre nan peyi a. Li te nan tout batay pou fè yo anile dèt peyi a, pou fè yo respekte anviwònman an, pou tout moun respekte prodiksyon lokal, pou tout moun respekte tout moun. Li te gen yon gwo rèv pou Ayiti kapab bèl, e pou peyi a kapab yon sous lavi pou tout pitit li yo, sitou pou sa k sou kote yo. Lanmò l pa dwe fè n pèdi pwojè sila a, okontrè se pou tout pitit peyi a mete men pou l kab reyalize.

Jilap Pòtoprens

Mesaj komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, nan okazyon 10zyèm Asanble Jeneral li, sòti 2 pou rive 5 septanm 2004, sou tèm: « Bati Lapè, yon batay ki angaje tout moun ».

Jilap Achipo te reyini avèk 53 delege ki sòti nan divès pawas nan Achidyosèz la. Nou rive dekouvri gen yon gwo malè pandye ki poze sou tèt peyi nou an.

Nan 10 lane, peyi a pran 2 entèkansyon militè etranje. Jounen jodi a, gen gwoup ame nan divès rankwen nan peyi a k ap fè vyolans ak kreye laperèz lakay chak grenn Ayisyen.

Pèp la nan grangou pi plis. Pa gen travay. Timoun ak jèn yo pa gen aksè ak ledikasyon. Pwodiksyon nasyonal la andegraba. Idantite nou kòm pèp ap degrade chak jou piplis.

Jistis ak Lapè mande, pou moun ki gen bak peyi a nan men yo pou:

- Pran bon jan desizyon nan dyalòg pou rezoud pwoblèm ki pi ijan yo,
- Tabli yon plan pou dezame tout gwoup ki pa dwe pote zam nan peyi a,
- Kreye kondisyon pou moun ka viv san kè sote, reyalize bonjan eleksyon nan peyi a,
- Pran bon jan mezi pou ankouraje pwodiksyon nasyonal la epi ankadre peyizan yo,
- Dekonsantre sèvis Leta yo pou pèmèt chak Ayisyen ka jwenn yon pyès idantite.

Nòt pou laprès, 6 desanm 2004. Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens denonse kouman sityasyon dwa moun ap degrade pi plis nan peyi a.

Bandi ak zam fè lalwa. Yo pa pran lavi moun pou anyen. Menm prizonye pa an sekirite. Prèske tout enstitisyon nou yo (lajistis, lekòl, legliz, lopital,...) kaba. Peyi a fin paralize.

Nòt la mete plizyè demann devan Gouvènman an pou korije sityasyon sila a.

Mesaj Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, nan finisman lane 2004 la ak kòmansman lane 2005 lan.

2004, sete yon lane ki te chaje ak anpil boulvès. Sityasyon dwa moun te kontinye degrade. Nou toujou ap asiste ak degradasyon enstitisyon nou yo, valè moral yo ak pwodiksyon nasyonal la.

Komisyon achidyozèn Jistis ak Lapè Pòtoprens mande poukisa lajistis pa jwe wòl li dwe jwe pou tabli lapè, tolerans, verite, renmen pou peyi a ak transparans nan peyi a? Poukisa poka kapab genyen desizyon klè ak patisipasyon anndan sosyete a pou bay peyi a yon oryantasyon ki ranmase enterè tout pitit li san paspouki.

Komisyon an swete tout Ayisyen ak Ayisyèn chwazi solidarite, pataj, respè pou diyite ak dwa moun, verite ak transparans kòm bousòl pou fè peyi a vanse.

Mesaj komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens, nan dat 20 fevriye 2005, ki se dimanch nasyonal JILAP. Tèm mesaj la : « Patisipe pou n bati lakay nou ak fanmi nou. »

Komisyon an envite tout Ayisyen pou yo pran reskonsablite yo. Li mande pou ta genyen bon jan dyalòg ki ranmase tout bon tradisyon ki fè nou egziste kòm pèp. Sa vle di: Nou dwe chita ansanm pou yon dyalòg ki pa mete okenn pitit peyi a sou kote; yon dyalòg ki idantifye ak pran dispozisyon pou rezoud tout gwo pwoblèm peyi a ap viv depi l kreye.

Nòt pou laprès. Komisyon Jistis ak Lapè Achidyosèz Pòtoprens nan dat ki te 9 jen 2005.

Komisyon an leve vwa l byen wo pou denonse zak vyolans mete dife nan mache Tèt bèf la. Devan vyolans ki blayi nan peyi a, Jistis al Lapè Achidyosèz Pòtoprens ap mande: ki kote lapolis ? Ki kote MINISTAH ? Ki sa otorite yo ap fè pou fè fas ak tout zak kidnappin, vòlè, krim k ap fèt prèske tout kote nan kapital la? « Nou bouke ak sitiyasyon vyolans, kraponnay n ap viv depi kèk tan deja, kèlkeswa kote yo sòti. »

Jilap Jakmèl

Mesaj premye asanble jeneral Jilap Jakmèl ki te fèt nan Sant pastoral dyosèz la bò avyasyon an, sòti 18 novanm pou rive 21 novanm 2004, sou tèm : « Nan jistis ak lapè, ann travay pou n rebati peyi nou an, kote diyite ak dwa moun ap respekte ».

Men ki sa k ba nou kè sote yon fason èspesyal:

- Kesyon anviwònman an. Peyi nou an fin debwaze ak detwi. Peyi a anba tout kalite menas.
- Genyen anpil vyolans nan depatman an. Nou konstate anpil divizyon ak mefyans, epi enpinite taye banda. Konsa gwoup ak zam ak gwoup kriminel ap montre tèt yo san difikilte. Yo montre ata timoun manyen zam.
- Anpil arestasyon pa fèt selon sa lalwa mande. Li pa toujou klè kilès ki gen dwa arete moun. Moun yo arete yo rete nan gadavi pwolonje. Anpil lajan pase anba anba pou yo kapab jwenn liberasyon.
- Enstitisyon Eta sivil la pa rann sèvis kòm sadwa. Anpil timoun pa gen batistè, anpil non mal ekri, anpil jijman dwe fèt annapre. Tout sa fè n poze tèt nou kesyon : èske nou sitwayen yon peyi toutbonvre ?

Mesaj komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jakmèl, nan okazyon dezyèm dimanch tan karèm nan ki se dimanch nasyonal JILAP. Tèm mesaj la : « Ann rebati peyi nou an nan verite, tolerans ak transparans. »

Peyi a kraze, li merite rekonstwi. Lavi chè ap vale teren chak jou pi plis, koripsyon ak gaspiyaj ap fè chemen yo nan sosyete a. Anpil arestasyon ilegal ap fèt. Moun rete nan detansyon pwolonje, paske aparèy jistis la bloke.

Komisyon di pou n rebati peyi nou an :

- Dwe gen yon chanjman ki fèt lakay chak grenn moun ki reskonsab,
- Nou dwe fè laverite ak tèt nou, ak lòt yo pou manti sispenn tounen yon zouti yon mwayen pou anpwazonnen lavi nan kase fèy kouvri sa,
- Nou dwe reprann konfyans youn nan lòt pandan n ap viv nan transparans.

Konsa Komisyon an mande:

- 1) Pou fanmi yo tounen yon lekòl k ap aprann timoun yo mete men pou bati sosyete a.
- 2) Pou lekòl yo bay bon jan fòmasyon ak edikasyon pou montre timoun yo renmen peyi yo, pou yo tounen vrè sitwayen.
- 3) Pou Legliz la kontinye denonse move kondisyon lavi n ap viv chak jou.
- 4) Pou Leta sispenn fè bèl pwomès san reyalizasyon. ... Pou yo jere resous peyi a yon fason pou rive satisfè bezwen chak moun.

Nòt pou laprès Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jakmèl sòti 25 me 2005, sou sitiasyon ki genyen jodi a nan depatman Sidès la.

Ayiti ap travèse yon kriz politik, ekonomik ak sosyal jan l pokò pa janm te konnen sa. Absans leta ak tout **fo pwomès ki fèt pou moun Mapou**, se pi bèl prèv pa genyen yon leta vre k ap jere peyi a nan avantaj sitwayen yo. Nouvo sezon lapli a konmanse, men pou moun Mapou yo, anyen pa regle. [...]

Komisyon an bouke wè nan ki fason **depòtasyon yo ap fèt nan Repiblik Dominikèn nan**. Yo anbake konpatriyòt nou yo san yo pa gen yon ti chans pou pase pran sa yo genyen lakay yo. Pa gen leta ki pou akeyi yo nan kèk zòn tankou Tyòt, Bodari, Benè, Boden, Mabyal, Kòk Chant, Ansapit, elatriye. Tout sa kreye plis ensekirite ak friktrasyon nan mitan fanmi yo.

Sou **zafè eleksyon an**, preparasyon an pa dwe fèt nan bouyi vide. Nan depatman Sidès la, popilasyon an nan preske tout komin yo genyen yon sèl revandikasyon :

- Biwo yo pou pran kat sitwayen an plase twò lwen,
- Anndan biwo yo, yo egzije pou moun genyen yon kat didantite, alòske gen peyizan ki pa t menm enterese nan yon pyès konsa, genyen ki menm pa gen batistè
- Moun ki gen laj epi k ap viv nan zòn ki lwen yo, pa ka rive nan biwo ekskripsyon yo paske pa gen wout.

Pou **kesyon Eta Sivil** nan depatman an, nou konstate, gen kèk ofisyè etasivil ki pwofite mande gwo lajan nan men peyizan yo ki vle jwenn yon pyès batistè, sitou nan moman eleksyon an.

Sitiyasyon **Lajistis ak kondisyon gadavi yo** pa bon. Ministè Lajistis dwe mete mwayen ala dispozisyon divès tribinal depè ak tribinal premye jijman nan vil Jakmèl la pou detni yo kapab parèt devan jij natirèl yo.

Jilap Pòdepè

Nòt pou laprès. Jistis ak Lapè Pòdepè, nan yon konferans pou laprès li te fè jou ki te 18 oktòb 2004, demanti yon deklarasyon jounalis Tony Vernio te fè sou radyo Balad FM jou ki te 13 oktòb 2004 la.

Nan menm konferans la, Jilap denonse sitiasyon maspinay k ap devlope nan prizon an, kote prizonye ap sibi maspinay anba men lòt prizonye yo. Jilap konstate DAP pa bay sèvis ankò nan prizon an. Absans sa a kreye yon gwo vid. Se konkou polisye nan komisarya vil Pòdepè ki fè gen sèvis nan prizon an, dapre deklarasyon Dirèktè polis depatmantal la.

Deklarasyon Komite Egzekitif Jilap Pòde Pè nan okazyon asanble li ki te fèt nan Kolèj Notre Dam de Loud jou ki te 20 novanm 2004.

Komisyon an te diskite sou pwoblèm entèn li epi li te analize konjonkti aktyèl sou domèn politik, sosyal, ekonomik ak sitiyasyon dwa moun nan dyosèz la.

Nòt pou laprès. Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Pòdepè, nan dat 15 jen 2005, denonse zak briganday, vyolans ak laperèz ki blayi nan 6zyèm seksyon kominal Sen Lwi di Nò.

Plizyè peyizan deja mouri oubyen blese. Plizyè dizèn lòt nan mawon. Plizyè kay boule epi piye, plizyè tèt bèt diparèt. Komisyon Jistis ak Lapè Pòdepè pataje ak tout moun rapò ankèt li te fè nan 6zyèm seksyon Lafag komin Sen Lwi di Nò. Jiska prezan otorite yo pa fè anyen pou pwoblèm sa a k ap depafini zòn lan.

Jilap Fòlibète

**Mesaj 6zyèm Asanble jeneral Jistis ak Lapè Fò Libète te fè nan dat ki te 3 novanm 2004.
Tèm nan se: Ann kontinye travay pou verite ak jistis rive tabli nan sosyete a.**

Pèp Nòdès yo ap monte yon kalvè san sekou. Nan tout echanj nou te fè, men ki sa nou wè:

- Manti, ensekirite, vòl, koripsyon ap taye banda tout kote ansanm ak lamizè, grangou chomaj. Kote lapè y ap pale a.
- Politisyen, ak konplisite tonton Sam ap simen jèm divizyon tribò babò sou ti moso zile a. Yo bliye si demokrasi se syans tolerans li ye.
- Se lenjistis menm ki gen lavwa ochapit, paske bagay sila vann kou moso pendou cho lakay move machann.
- Anyen ki fèt sou plan ekolojik, pou epanye popilasyon an devan kalamite yo.
- pèp la toujou nan ensekirite. Bandi ak zam nan men yo ap fè e defè.
- Nou plen tè pou nou travay, men sa pa anpeche moun bliye chak lendi ak chak vandredi al pran imilyasyon anba bouch Dominiken. Pa gen okenn kontwòl, moun yo fè sa yo pi pito.

Pou fini, n ap ankouraje yon bon jan òganizasyon pou eleksyon sa yo, pandan n ap mande yon kat dijital ki kapab sèvi kòm kat idantite tou, ansanm ak yon bon jan lwa elektoral pou respè règ jwèt la.

Jilap Okap

Mesaj Asanble Jeneral Achidyosèz Jistis ak Lapè Okap, ki te fèt nan lakou Domus Mariye, sòti 31 oktòb pou rive 2 novanm 2004 sou tèm: “Ann bati yon eta dedwa nan Jistis ak Lapè”.

Aprè li fin fè analiz sityasyon peyi a ap viv, Komisyon an mande :

« Se pou otorite yo nan peyi a kapab tabli bonjan rapò pou pèmèt chak sitwayen rive jwenn sekirite yon fason pou tout moun kapab viv alèz.

Se pou sitwayen yo chwazi moun ki konpetan e onèt pou voye lachann pou ekri bon jan lwa pou pitit peyi a, epi ki ka pran bon jan mezi ki nesèsè pou fè aplike yo.

Se pou Leta ak tout moun ki konsène nan peyi a mete sou pye mwayen ki pou pèmèt nou gen yon edikasyon adapte ak reyalyte peyi a tankou lekòl nan tout kwen e ankadre yo.

Se pou nou mete kanpe yon sosyete kote lavi tout moun mare ansanm.

Se pou nou travay pou chanje mantalite tout moun fè pwomosyon pou dwa moun, pou tout moun rive konnen tout dwa fondamantal yo. Pou sa fèt, fòk gen separasyon 3 pouvwa yo, paske se youn nan bon jan karakteristik yon eta dedwa.

Se pou tout moun konsidere lalwa kòm sèl zouti ak mach a swiv pou sosyete a.

Se pou yo mete kanpe yon kanpay alfabetizasyon ak edikasyon sivik, ki pèmèt devlopman fizik, moral ak entèlektiyèl sitwayen peyi a. »

Mesaj Komisyon Achidyosèz Okap la, jou ki te 20 fevriye 2005, a lokazyon Jounen nasyonal Jistis ak Lapè a.

Jilap lanse yon apèl bay tout pèp Ayisyen an pou yo kab rekonsilye e pou yo mete tèt ansanm toutbon. Pandan n ap gade sou Jezi ki se vrè sous rekonsilyasyon an.

Mesaj la di : « Nou menm pèp Ayisyen, fòk nou pa bliye ki kote nou te sòti: gras ak zanzèt nou yo ki te mete yo ansanm, pou yo konbat esklavaj la, vin fè pèp Ayisyen premye pèp nwa endepandan 1er janvyè 1804. Kidonk, nou menm pèp Ayisyen se pou nou fyè de richès sa zansèt nou yo te mouri kite pou nou, se pou nou fyè de listwa nou, se pou nou swiv zansèt nou yo. Pou nou pa reyaji nenpòt kòman ak emosyon menm jan ak lòt gouvènman yo ki te pase sou pouvwa. »

Men, se pou nou pran konsyans pou nou wè se nou menm sèl peyi pòv nan Karayib la, akòz de divizyon nou yo ki wè sèlman tèt la yo men ki pa wè peyi a k ap fin kraze.

Pou fini, nan eleksyon 2005 ki pral rive a, se pou nou mete tèt nou ansanm pou nou chwazi konstitisyonèlman yon vrè lidè ki pou vin dirije peyi a, kote rekonsilyasyon nasyonal la kapab etabli toutbon.

Jilap Jeremi

Nòt pou laprès. Jou ki te 16 septanm 2005. Komisyon Jistis ak Lapè dyosèz Jeremi nan moman kote eleksyon fè tèt moun cho tankou vè lanp nan peyi a, vle enfòm popilasyon Grandans lan, oubyen fè l sonje :

- a) Jistis ak Lapè se yon zouti Legliz Katolik gen nan men l pou l travay sou zafè jistis nan sosyete peyi d Ayiti nan bi pou tout moun ka rive viv nan lapè total kapital.
- b) Jistis ak Lapè kòm youn nan ògan pastoral sosyal Legliz la pa antre bouch li nan zafè politik patizan.
- c) Jistis ak Lapè pa la pou soutni okenn lidè politik nan kanpay li, ni voye okenn nan manm li yo al fè kanpay ak okenn kandida. Pèsonn pa gen otorizasyon pale sou non Jistis ak Lapè menm lè li lib pou mennen aktivite pèsònèl li kòm sitwayen, sitwayèn.
- d) **Jistis ak Lapè, ni nan nati l, ni nan fòm li, ni nan filozofi l pa gen okenn rapò ak pati politik ki rele : « Platfòm Jistis pou Lapè ak Devlopman Nasyonal ». Non pati politik sa a pa menm ak Komisyon Jistis ak Lapè (JILAP). Evite konfisyon sa a, tanpri.**
- e) Komisyon an mande popilasyon Grandans lan kenbe lapè a djanm nan depatman an. Pa kite eleksyon mete nou dozado youn ak lòt. Pa bliye se linyon ki fè fòs nou. Se lesan sa a zanzèt nou yo te kite pou nou kòm eritaj.

Fòmasyon

Bati Lapè

Jilap gen tan fòmè fòmètè nan dyosèz Pòtoprens, Gonayiv ak Hench pou gaye fòmasyon sila a : Bati Lapè. Chanje figi konfli san gwo ponyèt.

PNF 5

Dwa moun ak kilti peyi d Ayiti a

Cette année, la Commission antre dans la cinquième session dans le cadre de son Plan national de formation. Cette formation traite la question de la culture dans la lutte pour le respect des droits humains. Est-ce la démocratie cadre avec la culture haïtienne, ou bien, quels sont les changements culturels nécessaires pour réaliser la démocratie dans le pays? Ou bien y a-t-il une forme haïtienne de la démocratie? Voici le genre de questions traitées dans cette formation. Mais d'abord il faut définir la culture, qui dépasse largement une conception traditionnelle qui voudrait la réduire à certaines expressions artistiques, mais en faire une dimension de la vie d'un peuple. Ce programme de formation d'agents pastoraux en droits humains est soutenu par CCFD, Fastenopfer et Caritas Suisse.

Yon ti mo pou prezante sesyon an

Dwa moun ak kilti. Ki sa k mare yo ansanm? Eske youn ankouraje lòt, oswa youn se youn baryè pou lòt? Si n vle travay pou dwa moun vanse, ki konsekans sa genyen pou kilti ak mantalite pèp Ayisyen an? Se tout kesyon sa yo n ap brase nan sesyon sa a.

Pafwa moun ap di: Demokrasi pa posib, paske depi moun genyen otorite nan men l, nou deja konnen ki sa l ap fè ak pouvwa l genyen. Eske demokrasi enposib pou pèp Ayisyen an paske jounen jodi a nou wè anpil abi pouvwa k ap fèt? Eske nou pa dwe etidye divès kondisyon ak chanjman ki dwe fèt anndan kilti a pou louvri chimen demokrasi a, si se li nou vle? Oubyen èske genyen yon mòd Ayisyen pou viv divès valè demokrasi a reprezante? Si se vre, èske nou toujou kapab di demokrasi se youn bagay « inivèsèl », sa vle di: ki la pou tout moun menm jan?

Yon kilti se tankou youn bwat zouti ki pèmèt nou jwenn repons adapte ak divès sitiyasyon lavi a mete devan n. Nan bwat sa a, nou jwenn lide ak konviksyon, nou valè, prensip ak yon seri règ jwèt, nou jwenn teknik ak konpetans. Se listwa pèp nou ak tout eksperyans lavi li yo renmèt nan men nou gras ak zouti kilti sa a. Nou menm, nou resevwa l, n ap travay ak li anvan nou renmèt li bay youn lòt jenerasyon. Kilti yo toujou ap chanje. Nan moman globalizasyon peyi a ap viv, epitou ak tout kriz sosyal ak politik k ap souke peyi a, kilti Ayisyen an ap sibi

gwo chòk. Anpil zouti nan bwat kilti a merite bon egzamen : èske yo adapte toujou pou nouvo reyalite pèp nou an bezwen reponn ?

Nan travay defans dwa moun Komisyon Jistis ak Lapè ap fè, anpil fwa nou rankontre ak difikilte kilti a, mès ak koutim yo mete devan n. An n gade kèk egzanzp. Kesyon diyite moun genyen. Konviksyon pwofon sa yo genyen awè tou ak kilti, mès ak koutim moun yo. Lè yo di ou : « Yon vòlò pèdi diyite l, » gen rezon ki fè yo di sa. Men tou, nou dwe mande : ki sa k yon vòlò ? Yon ti vòlò planch ak bannann se vòlò ; men gwo piyajè kès leta, se « entelijan ». Dèyè refleksyon sa a, genyen tout yon eksperyans popilè ki mare ak kilti pèp la : ki sa k menase lavi l ? Ki kote l jwenn jistis ? Ki moun ki fè avansman nan sosyete a ? Epitou, gen fason moun yo konsidere kesyon diyite moun nan menm.

Gen kondisyon kiltirèl nou dwe konsidere pou n kapab mete men kòm moun ak pèp reskonsab. Ki jan kilti pèp Ayisyen an kapab yon kilti k ap libere moun tout bon vre ? Avni peyi a pa yon fatalite. Se yon bagay nou dwe konstwi ansanm, selon modèl ak pwojè sosyete nou an bay tèt li.

Kesyon sa yo enpòtan pou chanje lavi nou an Ayiti. Se tout kesyon sa yo n ap rankontre pandan sesyon sa a. Si jè a enpòtan, paske li touche nanm pèp nou an. Yon kilti se pa yon vye rad ou jete lè ou vle pou mete yon lòt. Se yon trezò yon pèp pote ak anpil prekosyon, tèlman li genyen valè ak enpòtans pou li. Se trezò sa a nou vle konnen pi byen, nou vle pwoteje l yon fason pi efikas, etan nou louvri n pou tout chanjman tan an mande.

P. Jan Hanssens, direktè

JILAP te patisipe

Suivent des informations sur la participation de membres de Jilap à différents événements internationaux.

- *Deux membres de Jilap ont participé à la quatrième rencontre sur les droits humains organisé par le Département de pastorale sociale du CELAM, à Caracas, du 4 au 9 octobre 2004.*
- *Un membre de Jilap faisait parti de la mission en Europe, organisée par la Coordination Europe-Haïti, du 24 novembre au 11 décembre 2004 dans le cadre de la commémoration du bicentenaire de l'indépendance d'Haïti.*
- *Un membre du secrétariat national a participé à une rencontre de solidarité entre groupes haïtiens et dominicains, di 11 au 13 mars 2005 à Santo Domingo.*
- *Le directeur de Jilap a participé à la deuxième rencontre du Réseau catholique international pour la construction de la Paix, à Mindanao aux Philippines du 10 au 15 juillet 2005.*
- *Jilap a été invitée à participer à une journée de réflexion sur la réforme de la justice, organisée par l'Association des avocats et notaires noir(e)s du Québec, le 28 mai 2005.*
- *Un membre du secrétariat national a participé à une formation sur les droits humains organisée par la Fondation pour les Droits des personnes au Canada, du 28 mai au 12 juin 2005.*

CELAM ak pastoral dwa moun

Karakas, 4 rive 9 oktòb 2004

4^{triyèm} rankont CELAM sou pastoral dwa moun

Rankont sa a te fèt nan vil Karakas, kapital Venezuela nan yon kay ki pote non Monseyè Ibarra, sòti 4 pou rive 9 oktòb 2004. Nan rankont sa a nou te konte divès delegasyon ki te soti nan kontinan Amerik la. Te gen 68 patisipan (evèk, pè ak layik) ki angaje yo nan domèn defans dwa moun nan. Yo sòti nan divès aktivite nan legliz la. Delegasyon Ayiti a te gen 2 moun ladan l : Pè Jean Hanssens, direktè Jilap nasyonal, ak Cherima Jean-Rivière, sekretè jeneral Komisyon Achidyosèz Jistis ak Lapè Pòtoprens.

Pandan jou sa yo patisipan yo te fòme yon fanmi. Sa fè n sonje inite ki gen nan Legliz la, kote menm si youn pa fin konprann langaj lòt two byen, nan limenm nou wè yon moun yon pitit Bondye. Nou dwe viv an solidarite nan fanmi, jous pou nou rive nan peyi kote Bondye Wa a. Se Karitas Venezyela ki te mobilize pou akeyi patisipan depi anvan rankont lan jis nan retou chak patisipan yo. Nou salye kouraj tout Karitas sa yo nan tout Legliz la ki onon lafwa yo motive chak jou nan sèvis Granmèt la.

Rankont sa a te dewoule sou tèm : « Dwa moun, nouvo defi ». Yo te prezante plizyè konferans ak anpil refleksyon ki te fèt sitou nan atelye yo. Nou te rive dekouvri plizyè nouvo defi pou kesyon dwa moun. Nou ka site nan defi yo :

- **Mank inyon ki genyen nan mitan moun k ap batay pou yo respekte dwa moun**, espesyalman kretyen yo (tout kalite katolik ak pwotestan). Se sa ki fè gen kèk ekip ki te pwopoze pou dyalòg entèrelijye a parèt kòm yon nesosite nan ajènda òganizasyon yo nan Legliz la, men yon dyalòg nan respè youn pou lòt pandan nou youn ap chache respekte lafwa lòt la. Kidonk, patisipan yo ta vle wè « inivèsalite » nan batay pou dwa moun nan.
- Yon lòt defi : **se fòse leta yo pran responsablite yo devan dwa sosyal ak ekonomik yo**. Yo te rive konprann toutotan gen ensatisfaksyon nan dwa sosyal ak ekonomik yo, l ap difisil pou diminye oswa fini nèt ak tout zak vyolasyon k ap fèt yo.

Atravè konferans ak deba yo, patisipan yo te santi li nesèsè pou Legliz la kontinye mouvman respè dwa moun nan, yon mouvman li kòmanse depi nan lane 1925 konsa. Legliz la dwe kenbe konviksyon l nan lit la pandan l ap fè tout moun konnen lit pou dwa kretyen vivan an se yon bagay « inivèsèl ». Li enpòtan pou tout moun jwi dwa yo genyen nan tout dimansyon l (dwa politik, sosyal, ekonomik ak kiltirèl). Refleksyon ak deba yo te fè patisipan yo santi yo dwe renouvle angajman yo ak anpil detèminasyon. Yo te rive konprann yo pa p ka fè tout bagay, men ti sa yo ka fè a, yo dwe fè l byen onon lafwa yo, kit ou se layik osinon responsab nan Legliz la.

Nan sans sa a li ta bon pou nou menm Ayisyen kòmanse pale youn ak lòt, rekonèt lòt la kòm yon miwa kote ou wè pwòp tèt ou. Li difisil pou yon moun kondane tèt li apre l fin pran konsyans li te fè a. Sa a se yon jès renmen, yon jès lanmou. Li ta bon pou menm kretyen manifeste dezi nou nan sa nou kwè a. Refleksyon yo te fè a nou wè, sou planèt la pa gen yon kote moun viv byen materyèlman, li viv byen paske l rive konprann lòt ki sou kote l la. Se yon moun li dwe l tout respè epi nan li menm li wè yon kreyati Bondye. Nou wè tou, pa gen moun ki gen yon dwa pase lòt, nou kapab gen devwa diferan suivan kapasite nou, men kòm moun, pitit Bondye nou gen menm dwa.

4^{triyèm} rankont sa a te mete anpil aksan sou ensatisfaksyon dwa sosyal ak ekonomik yo. Yo te trouve se yon bagay ki nesèsè anpil pou mennen lit la nan sans sa a pou moun pa rive tonbe nan ensekirite li pa t espere jous pou dwa l ta vyole ni sou plan politik, ni sou plan ekonomik ak sosyal. Yo te pran egzanp «kouman ou kapab konbat fenomèn migrasyon an si reskonsab politik pa pèmèt sitwayen yo jwi dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo. Nou ka pran egzanp yon sitwayen ki devwa pou vote nan eleksyon ki pa kòn li ak ekri, osinon malad ki pa jwenn swen.» Lè ou gade, sitwayen sa a pa patisipe vre sòf si yo kontrenn li, men lè sa a dwa li kapab vyole. Kidonk, mezanmi li nesèsè pou n kòmanse bay tèt nou pou respè dwa sosyal, ekonomik ak kiltirèl yo, kote leta dwe òganize l pou sitwayen l yo jwenn swen lasante, lekòl, bon kay, travay, asirans pou lavi yo, pou sitwayen renmen kote l ap viv la pou l pa al pran imilyasyon lòt kote, elatriye.

Pou fini, nou kapab di eksperyans nou fè nan rankont sa a pouse dyondyon nan kè nou pou fason pou nou pran reskonsablite nou tankou yon moun Jezi rele mete men sou li konsakre l e voye l kòm defansè sa ki pi fèb yo ni nan lafwa ni nan aktivite moun nan kòm moun kòm pitit Bondye. Rankont ak lòt gwoup sa yo nan Legliz la fè n santi nou pa pou kont nou. Menm si nou pa gen menm misyon, nou pa sèl nan batay la. Se kòm si yon trèv nan moman lagè rankont sa te ye, moso lame k ap batay pou fè respekte dwa moun yo reyini ansanm pou pran fòs nan

lapriyè, nan chache nouvèl estrateji ak konkou Lespri Bondye pou genyen batay la. Rankont sa a se te yon rankont lafanmi. Sete kòm si tout moun te deja abitye. Menm si langaj yo te diferan, tout 68 moun nan ak rès moun yo te rive dyaloge, e youn te konprann lòt la nan pasyans, sete vrèman yon siy fratènite. Apre yon deklarasyon tout patisipan yo te siyen 8 oktòb la, apre divès promenad ki te fèt nan kapital Karakas la, tout patisipan te retounen lakay yo ak misyon anba men Lespri Sen an ak Manman Mari kontinye ak lit la jous nou rive nan peyi kote Bondye Wa a.

Chérìma Jean-Rivièrè

Vizit yon delegasyon ayisyen nan divès peyi nan kontinan Ewopeyen an

Sòti 24 novanm rive 11 desanm 2004, Jocelyne Colas, manm Komisyon Jistis ak Lapè, ansanm ak 5 lòt moun, manm nan 5 lòt òganizasyon diferan, ta l reprezante 53 òganizasyon ak enstitisyon ayisyèn. Yo te vizite divès peyi Ewòp (Lafrans, Lalmay, Laswis, Oland, Angletè, ak Labèljik). Yo te rankontre epi chita pale ak divès gwoup solidarite, reprezantan gouvènman, epitou ak kèk reskonsab nan Inyon ewopeyèn nan.

Vizit delegasyon an ki te fèt sou envitasyon kòdinasyon Ewòp-Ayiti. Se te dènye aktivite pou fèmen yon seri aktivite divès òganizasyon ki genyen patnè an Ayiti t ap fè pou make 200 zan lendepandans peyi a pandan lane 2004 la.

Objektif vizit la te genyen dèyè li se : remete Ayiti sou ajennda Ewòp la, mete ONG Ayisyen yo an kontak avèk gouvènman epi enstitisyon ewopeyen yo, epi jwe sou desizyon yo pou reoryante politik koperasyon yo ant Ewòp la ak Ayiti.

Delegasyon ayisyèn nan te pote yon mesaj divès sektè yo k ap travay nan domèn dwa moun (sivil, politik, ekonomik, sosyal, kiltirèl ak sekirite alimantè) te prepare ansanm bay desidè ak opinyon piblik ewopeyen an

jeneral. Mesaj sa a te pote non « Yon lòt Ayiti posibil ». Delegasyon an te pataje l nan tout rankont li te fè. Mesaj la rive nan zòrèy divès otorite nan kèk Ministè zafè etranje, chaje dafè pou Ayiti oswa zòn Karayib la. Li rive jwenn divès platfòm òganizasyon ki nan kòdinasyon Ewòp-Ayiti a, divès lòt òganizasyon ak Konsèy Ekimenik Legliz yo. Li rive jwenn divès reskonsab nan Inyon Ewopoyèn nan 6 peyi nou sòt nonmen yo.

Nan chita pale yo, moun yo pote anpil atansyon ak sa k t ap di sou Ayiti. Pou divès nan yo, mesaj sa a nouvo. Yo pa t konn tandè pale sou Ayiti nan fason sa a. Menm si mesaj la pale sou reyalyte peyi a ap viv, men li chaje ak lespwa ladan l tou. Sa merite konsiderasyon. Yo vin konprann reyalyte peyi a yon lòt jan. Akote divès sijè ki te devlope nan dokiman an, gen lòt sijè delegasyon an te bezwen pale sou yo, tankou: eleksyon, dèt ekstèn, dèt endepandans, ansyen militè yo, dezameman, timoun ki pote zam, wòl reskonsab Legliz la, wòl Minustah, sosyete sivil Ayiti a, travay ONG ayisyen yo, degradasyon anviwònman an, wòl pati politik yo (tankou Fanmi Lavalas), dènye katastwòf natirèl peyi a sòt viv la, wòl lòt peyi yo parapò ak Ayiti (tankou Etazini ak Karikòm), divès platfòm òganizasyon ki genyen an Ayiti, diferans ant òganizasyon delegasyon an reprezante yo ak gwoup 184 la.

Diferan moun nou te rankontre yo toujou t ap manifeste volonte pou kontinye ede Ayiti sou baz pwopozisyon ki nan dokiman mesaj la. Gen nan yo ki di yo pral gade sa yo ka fè atravè Nasyonzi. Genyen tou ki di y ap fè presyon jan yo kapab, nan nivo yo kapab sou gouvènman lakay yo pou bay Ayiti plis bourad swa sou plan ekonomik oswa politik.

*Jocelyne Colas, Jilap
Manm delegasyon an*

Rankont solidarite ant òganizasyon dominiken ak ayisyen

Les relations entre Haïti et la République Dominicaine connaissent leurs hauts et bas. Surtout à la base, des initiatives intéressantes voient le jour qui effectivement rapproche les deux peuples qui habitent Hispaniola. Maître Cherubin Tragélus a participé à une rencontre de groupes de base du 11 au 13 mars 2005. Dans cet article, il témoigne de son expérience. Il dénonce les intérêts politiques et la concurrence néolibérale comme des facteurs qui divisent les peuples. Un effort conscient doit être déployé pour rapprocher les peuples et stimuler une solidarité effective.

Mèt Chérubin Tragélus te patisipe nan yon « Rankont solidarite ant òganizasyon dominiken ak ayisyen » nan dat 11 pou rive 13 mas 2005 nan Santo Domingo, l ap pataje ak nou bèl eksperyans sila a ant 2 pèp yo ki viv sou menm zile a.

Nan kad jefò k ap fèt pou ayisyen ak dominiken devlope plis solidarite ant yo, yon rankont te òganize ant plizyè òganizasyon ayisyen ak domoniken sou sitiyaasyon Ayiti, sòti 11 pou rive 13 mas 2005 nan Santo Domingo.

Objektif rankont sa a, se ede Dominiken ak Ayisyen reflechi ansanm sou sitiyaasyon zile a jounen jodi a, espesyalman sou ka Ayiti a, yon fason pou pèmèt plis moun konprann sa k ap pase. Rankont sila a, se pou pèmèt òganizasyon ki fè pati yon seri sektè kle nan 2 peyi yo sòti ak yon ajanda, kote pou yo pran angajman sou kijan yo pra l ranfòse jefò solidarite k ap fèt deja oswa kijan yo kab devlope plis relasyon toujou. Plis pase 15 reprezantan òganizasyon nan sosyete sivil la ak dwa moun ki te sòti ann Ayiti, te ale Santo Domingo pou rankontre divès òganizasyon an Dominikani.

Pou louvri koze a, òganizasyon dominiken yo te pale sou plan neyoliberal la ki lakòz lamizè ap taye banda an Repiblik Dominikèn. Se yon kriz ki te

koumanse ak Balagè. Repiblik Dominikèn te prete anpil lajan. Se moun ki pi pòv yo ki peye dèt la. Vin gen yon lavi chè, tout bagay monte tèt nèg. Pouvwa dacha a vin diminye ak 250 %. Dèt ekstèn nan vin ogmante 60 %. Pwoblèm ki egziste jodi a, se rezilta 20 lane ki sot pase yo. Gouvènman Ipolitò Meja a ap mache sou menm tras la. Gouvènman an fè yon jefò pou l chanje sitiyasyon an ki malouk anpil, li rive desann dola meriken an ki te 42 % a 27 %. Men tou, bès ki genyen an pa pèmèt pri yo desann. Gen yon refòm ki fèt nan enpo, gouvènman an mete 12 % sou enpo yo, sa vle di enpo ki al nan sa moun ap achte yo oswa pwodwi premyè nesosite yo. Gouvènman ap vanse ak privatizasyon an tankou dlo, sèvis sante, ak edikasyon. *Plan neyoliberal sila a ap kraze ekonomi Dominiken an epi l ap monte ekonomi Etazini an.*

Klas politik la antann li trè byen, menm si li fè kòm si gen divizyon. Divizyon an se pou chak pati yo kapab gen plis pouvwa. Se pèp la ki peye po kase a. Gouvènman an pa gen volonte pou l rezoud pwoblèm ekonomik lan.

Gen divès òganizasyon nan sosyete sivil la ki te nan opozisyon ak gouvènman an lè pati PRD a te opouvwa. Men pou kounye a, yo mete yo nan kan gouvènman an poutèt l ap aplike politik neyoliberal la. Kidonk, se la yo jwenn avantaj yo.

Bank Mondyal, FMI se zouti pou enstale mizè toupatou nan ti peyi yo. An Ayiti yo fini ak pwodiksyon sik, pit, touye kochon kreyòl yo, elatriye. An repiblik Dominikèn, yo koumanse fini ak plantasyon tabak la. Yon sèl kou, yo vle detwi ekonomi peyi a. Zòn franch lan pa egzanp. Lè konsa, moun yo asepte mendèv a bon mache.

Pwogwam CCI a pa yon kado ki sòti nan syèl. Se yon pwogwam ki pra l dire jiska 2015, li plis chita sou investisman ak fizyon kapitalis dominiken yo. De (2) pèp yo dwe fè solidarite pou konbat tout plan lanmò. Òganizasyon dominikèn yo ak òganizasyon ki te sòti ann Ayiti yo te fè kèk pwopozisyon pou konbat plan Bank Mondyal la ak FMI ki lakòz lamizè a :

- Mouvmman pwogresis la ta dwe bay yon altènativ, se sa ki fè tout moun dwe chita sou tab dyalòg la. Sa ta kab pèmèt yo fè yon opozisyon kont plan neyoliberal la. Pou sa fèt, nou dwe kreye espas rankont ak posiblite pou moun yo eksprime yo kont plan neyoliberal la.
- Ranfòse mouvman popilè ayisyen ak dominikèn yo.

Pou pèmèt yon pi bon solidarite ant de [2] pèp yo:

- Oganizasyon dominikèn yo ak ayisyèn yo mete yo dakò pou gen echanj ki fèt nan domèn lang (kreyòl ak espayòl). Sa vle di, Dominiken yo ap aprann pale kreyòl yon mannyè pou touche pi byen pwoblèm Ayisyen san pape yo, ak Ayisyen k ap viv nan batèy yo; Ayisyen yo ap aprann espanyòl tou ;
- Kreye yon «kay solidarite» kote Ayisyem ak Dominiken rankontre ; mete yon komite solidarite ant de [2] pèp yo.
- Kreye yon fason pou gaye plis enfòmasyon sou Ayiti yon mannyè pou moun nan Amerik Latin nan konn sitiyasyon Ayiti a pi byen ;
- Pran pozisyon sou vyolans k ap fèt sou timoun ayisyen k ap mande lacharite nan lari Dominikani.

Pou fini, manm nan sosyete sivil dominiken an te di aklè :

Kesyon migrasyon an se rezilta ajisman de [2] klas k ap dominen nan peyi d Ayiti ak nan Repiblik Dominiken. Fòk pwoblèm travayè yo ak ouvriye yo klarifye. Se gran pwopriyetè dominiken ak Leta dominiken ki reskonsab dominasyon sila a. Leta ayisyen reskonsab tou, paske se Leta ayisyen ki pa defann travayè Ayisyen yo.

Nan kad solidarite sila a, kèk òganizasyon sosyete sivil dominikèn nan ap vin ann Ayiti nan mwa sektanm 2005.

Chérubin Tragélus

**Rezo entenasyonal katolik pou bati Lapè
Peyi Filipin, 10 rive 15 jiye 2005**

Rezo Katolik Entenasyonnal pou Bati Lapè

Au mois de juillet, le P. Jan Hanssens a participé à la rencontre du Réseau catholique international pour la Construction de la Paix. Le Réseau avait choisi d'étudier la question de la construction de la paix à partir de l'expérience concrète de nombreux groupes et mouvements de base à Mindanao au Sud des Philippines. Après 2 jours d'insertion et de visites sur le terrain, le Réseau a écouté et analysé l'expérience pendant 3 journées. Dans cette contribution nous présentons quelques conclusions et principes avancés par Jean-Paul Lederach pour un travail efficace en faveur de la paix. Ces 5 principes incluent:

- *L'importance des réseaux dans la construction de la paix;*
- *L'importance des initiatives concrètes, apparemment inefficaces;*
- *L'importance de la proximité et de l'initiative locale;*
- *L'importance du dialogue dans les conflits;*
- *L'importance de l'éducation comme espace de rencontre entre personnes.*

Rezo entenasyonnal sa a fenk konmanse travay. Sete dezyèm fwa manm li yo rasanble. Yon inivèsite Ozetazini (Kroc Institute, Notre Dame IN) ak konkou CRS soutni l. Lòt mouvman pou lapè tankou Pax Christi ap bay konkou yo tou. Yo te envite Komisyon Jistis ak Lapè ann Ayiti pou patisipe. P. Jan Hanssens te fè vwayaj la. Pou Amerik Latin nan, de (2) sèl peyi te reprezante: Ayiti ak Kolonbi.

Rankont la te fèt nan peyi Filipin, nan Mindanaw, yon zòn ki te konnen anpil konfli nan dènye tan sa yo, sitou depi ane 1970 yo, lè politisyen t ap sèvi ak konfli lokal yo, epi ak diferans ki genyen ant katolik ak mizilman pou chita pwòp pouvwa pa yo. Lame peyi Filipin te fè anpil vyolans sou popilasyon an, sitou sou mizilman yo, men tout moun te viktim ak vyolans sa a. Jous kounye a, gen zòn kote lagè sila a pokò fini. Anpil òganizasyon nan sosyete sivil la te travay pou retabli lapè, pou fè moun

rankontre youn ak lòt. Konsa, gen bèl eksperyans ki fèt kote moun ki te lènm anvan rive kolabore youn ak lòt.

Mwen te gen chans pou vizite yon vilaj mizilman. Yo te byen akeyi gwoup la. Moun sa yo ki nan pèp yo rele Mowo, desandan premye pèp yo ki te abite nan zòn sa a, depi anvan tan kolonizasyon Panyòl la. Yo te adòpte relijyon mizilman. Gen migran ki te sòti nan nò peyi filipin nan, yo se kretyen. Pandan vizit la, yo t ap pale n sou lagè ki te genyen nan zòn nan; kounye a, yo chèche viv byen ak tout moun, epi yo vle kolabore pou reyalize règ jistis sosyal ak byen viv ansanm pou tout moun. Lè yo chèche viv ansanm konsa, yo dekouvri se pa larelijyon ki dwe fè yo pa kapab kolabore antre yo. Kote moun chèche viv nan relasyon kòrèk, yo dekouvri ki jan yo kab fè diferans ki genyen antre yo sèvi kòm yon richès. Kote youn ap dominen lòt, diferans yo tounen yon menas.

Kèk leson ki sòti nan konferans la. Apre twa jou koute eksperyans gwoup yo fè nan Mindanao nan peyi Filipin, epi reflechi ansanm, yon èkspè ki te nan reyinyon an (Jean-Paul Lederach) te eseye mete divès lide ansanm nan yon sèl ranmase. M ap pran kèk lide ladan l.

1. Ak ki sa pou n konpare travay bati lapè a ki fèt nan baz la? Lè n gade tout sa k fèt, genyen yon imaj ki parèt devan je n: **bati lapè se menm jan ak bati yon rezo.** Gade sa yon zarenyen ap fè lè l ap tise yon twal zarenyen. Lè anpil zarenyen mete ansanm, yo menm kapab fè rete yon bèt yo rele liyon. An kreyòl nou di: *Men anpil chay pa lou.* Tout kalite platfòm ak tèt ansanm y ap mete sou pye kapab ede n pou blije moun pran responsablite yo. Legliz katolik genyen yon avantaj, paske li prezan anpil kote. Li kapab ede bati rezo. Lederach ki fè renmak la pa katolik, se yon Menonit li ye, men li wè kalite fòs legliz katolik ta kapab mete deyò pou reyalize lapè nan kominote yo.

2. Li pa toujou posib pou planifye chanjman ki mennen lapè. Anpil fwa nou eseye, epi nou wè ki sa k pase. Men, sa k pi enpòtan an se pou eseye. Chak konfli toujou genyen anpil bagay ladan l. Gen anpil kòz ki fè l egziste, epi ki fè li kontinye ap egziste. **Bati lapè sanble ak simen**

semans, san nou pa konnen ki jan y ap devlope. Bati lapè se plante yon jaden ki genyen yon pakèt flè diferan ladan, se lè n gade yo ansanm, n ap di: men sa lapè a ye. Sa k enpòtan se divès aksyon, ki adapte yo chak fwa lè nouvo bagay parèt, ki byen rasinen nan reyalite lokal yo, epi ki soutni youn lòt.

3. Yon twazyèm pwen montre enpòtans ti inisyativ lokal yo. “**Chak vilaj konnen pwòp koulèv pa l,**” di yon pwovèb Afriken. Sa moun ki sou plas yo konnen, pwòp eksperyans, inisyativ ak patisipasyon pa yo pi enpòtan anpil pase tout lòt bagay. Finalman, sekirite gen awè ak bon kalite relasyon ki genyen nan mitan moun. Sekirite se pa yon kesyon gwosè zam moun ap sèvi yo. Pou bati bon relasyon, menm ak sa k te lènmi anvan, nou dwe konnen reyalite lokal yo, kilti a, mès yo ak koutim yo.

4. Pou kontinye: Konfli pa sèlman kreye divizyon, li konn mare moun ansanm tou. **Konfli ak dyalòg se de bagay ki dwe sèvi pou mare moun ansanm.** Lè moun aprann pale ansanm anndan kominote yo, lè sa yo aprann depase yon seri divizyon sosyal ak relijye. Dyalòg ap fèt sou sa k konsènen tout moun, tankou avni timoun yo nan yon sosyete: sa ki nan enterè pitit pa youn, mare ansanm ak sa k nan enterè pitit pa lòt la tou. Kote moun rive konprann sa, y ap kreye yon seri relasyon kote youn santi vi l mare ansanm ak lavi lòt yo.

5. Senkyèm konklizyon an konsènen Edikasyon pou lapè a. Nan tan lontan yo te panse edike moun se bay yo konesans. **Edike** se pa yon kesyon ranmase konesans ase, men **se fè eksperyans epi pran konsyans tèt ou ak kominote a** (P. Freire, yon edikatè peyi Brezil te fè n konn sa). Nan domèn lapè, se pa diferan. Edike pou lapè se kreye espas kote moun kapab rankontre pou bati relasyon antre yo. Menm timoun kapab aprann pale ansanm epi devlope kè sansib youn pou lòt. Ansanm, moun yo kapab fè nouvo eksperyans ki pozitif, ki chita sou kè sansib, sou nouvo relasyon ak pale ansanm. Ansanm nou kapab devlope yon seri lòt pratik ki diferan ak sa n genyen kounye a.

P. Jan Hanssens

Eksperyans Okanada

Mèt Chérubin Tragélus t al patisipe nan 2 rankont nan peyi Kanada nan lane 2005 lan. Youn nan dat 28 me sou refòm lajistis ann Ayiti, lòt la nan dat 12 jen pou rive 6 jiyè nan yon sesyon fòmasyon sou dwa moun. Men kijan sa te ye.

Asosyasyon Avoka ak Notè Nwa Kebèk te envite Jilap al patisipe nan yon kolòk sou refòm lajistis ki dwe fèt ann Ayiti. Mèt Chériben, ki te reprezante Jilap, te prezante tèm : Sa ki lakòz lajistis pa mache kòm sadwa, epi li pale sou jan yo te abòde kesyon refòm lajistis nan peyi a depi nan lane 1994. Nan moman sa a, nou prezante yon lòt altènativ, ki se patisipasyon sitwayen yo nan refòm lajistis la.

Anpil patisipan nan kolòk sila a te sezi tande òganizasyon nan sosyete sivil la ap travay pou bay sistèm jistis la yon lòt vizaj. Gouvènman ayisyen an te depanse anpil milyon dola vèt nan sans sa a, men poutèt sitwayen yo pa t enplike kòm aktè prensipal, se te yon travay initil osinon yon echèk total kapital.

Kanadyen yo, reprezantan gouvènman an ak Ayisyen k ap viv nan peyi Kanada ankouraje anpil inisyativ 3 òganizasyon sila yo (Jistis ak Lapè, Ayiti Solidarite Entènasyonal ak Sant Ekimenik Dwa Moun) pran pou pèmèt sitwayen yo bay dizon yo epi fè pwopozisyon pou refòm sistèm lajistis la toutbonvre.

Chak ane, Fon kanadyen pou dwa moun òganize yon seri sesyon fòmasyon sou dwa moun yon manyè pou ranfòse kapasite òganizasyon dwa moun yo. Sa fè dezyèm fwa Jilap patisipe nan sesyon fòmasyon sila a. Te gen 65 peyi ki te prezan ak 131 patisipan. Sa fè 26^{zyèm} fwa sesyon fòmasyon sila a òganize. Sesyon sila a pèmèt kad ki patisipe pou òganizasyon yo vin pi pèfòman nan kesyon fòmasyon ak defans dwa moun.

Yo montre patisipan yo kouman pou yo itilize enstriman entènasyonal yo oswa konvansyon yo nan kad vyolasyon dwa moun. Chak patisipan te travay sou yon plan li dwe mete an aplikasyon sou non òganizasyon an. Chérubin te chwazi travay sou pwoblèm batistè moun k ap viv nan seksyon kominal yo ak moun k ap viv nan katye popilè yo ap andire poutèt biwo etasivil yo byen lwen moun yo. Li pwopoze pou Jilap ta jwenn yon akò ak Ministè lajistis pou ede moun yo jwenn yon batistè pi fasil epi ki kòrèk.

Pandan fòmasyon an toujou, yo te mande Chériben pou pale sou wòl edikatè dwa moun yo nan sitiwayon konfli yo. Yo te rive chwazi Jilap pou Ayiti poutèt eksperyans li nan travay l ap fè sou rezoud konfli san gwo ponyèt.

Mèt Chérubin Tragélus

Dokiman

Yon lòt Ayiti posib Men yon ranmase mesaj la

Une autre Haiti est possible. Ainsi s'intitule le document porté par la délégation de la société civile en Europe. Le texte d'une trentaine de pages a été résumé dans le bref message, que Jocelyne Colas a traduit en langue créole.

Yon lòt Ayiti posib, se gwo konviksyon ki anime tout sektè yo nan mouvman popilè ak demokratik ann Ayiti, ki pa vle abandone lit la, ki refize asepte okipasyon peyi a, kòm solisyon fas ak jan peyi a ap depafini an. 2004 se yon lane kote Ayiti gen randevou ak listwa. Ayiti gen mwayen nan men l toujou pou l pran istwa l an men. Nan tout sektè yo, yo konprann li nesèsè e menm ijan pou nou refonde oubyen rekonstwi peyi a. Rekonstwi Ayiti vle di :

- Chache tabli yon sosyete ki pi kòrèk kote chak Ayisyen santi li sitwayen toutbon.
- Konstwi yon leta ki kapab pèmèt tout moun jwi dwa sivil, politik, ekonomik, sosyal ak kilitirèl yo. Yon leta ki kapab aplike yon politik ekonomik ki pran an konsiderasyon souverènte peyi a, san li pa fèmen tèt li sou li menm (pwoteksyon pwodiksyon nasyonal, egzijè yon moratwa sou pèyman dèt ekstèn peyi a).

Yon fason konkrè, nan kad patenarya avèk aktè yo ki nan kominote entènasyonal la, espesyalman ak nou menm Ewopeyen yo, nou bezwen adòpte yon nouvo fòm koperasyon ki mete anplas kèk entèvansyon estriktire, avèk yon estrateji ki bati ant sa ki ijan ak sa ki ka reyalize sou yon tan ki pi long, avèk yon mekanis pou suivi, reyalizasyon ak kòdinasyon ki pèmèt ogmantasyon efikasite èd ki bay yo, ki bay aktè nasyonal k ap fè devlopman yo posiblite pou yo kapab sèvi avèk èd yo yon fason adapte, olye nou gaye entèvansyon yo avèk danje divès aktè ap fè menm bagay epi ki pa p bay bon rezilta.

Jodi a, òganizasyon ayisyèn yo mande èd patnè entènasyonal yo, anpatikilye patnè ewopeyen yo sou priyorite sa yo :

1- Dwa sivil ak politik yo

1. Apiye sosyete ayisyèn nan nan revandikasyon fondamantal li yo ki se dwa lavi. Poutèt sa, nou bezwen soutni tout inisyativ gouvènman ayisyen an ki vize dezame bann ame yo epi ranfòse enstitisyon polisye a (ogmante kantite polisye yo ak fòmasyon yo). Se yon kondisyon nesèsè pou tout pwosesis konstriksyon yon leta ki chita sou lalwa.
2. Apiye mizanplas yon politik pou re-entegre moun yo dezame yo nan sosyete a, anpatikilye timoun ak jèn yo.
3. Ranfòse wòl ak kapasite òganizasyon yo pou yo rive mobilize tout aktè yo nan sosyete sivil la k ap travay nan domèn dwa moun, yon fason espesyal platfòm ak regwoupman òganizasyon ki deja egziste yo. Pèmèt yo asire suivi ka vyolasyon dwa moun yo epi antreprann yon kanpay nasyonal fòmasyon sou dwa moun avèk yon atansyon patikilye sou vyolans k ap fèt sou medam yo.

Nou mande Inyon Ewopeyèn ak gouvènman nasyonal yo pou yo egzije ak apiye gouvènman ayisyen an pou l:

4. Ranfòse kapasite Ofis pwoteksyon sitwayen ak sitwayèn nan ki se yon enstitisyon konstitisyonèl endepandan nan wòl li genyen pou l pwoteje dwa sitwayen yo Leta a menm kapab vyole.
5. Garanti otonomi sistèm jidisyè a nan reyabilite l atravè yon pwosesis ki vize :
 - pou jij yo, notè yo, isye yo ak ofisye deta sivil yo vin kredib.
 - pou lajistis vin aksesib pou tout sitwayen ak tout sitwayèn.
 - pou chak Ayisyen genyen yon batistè ki idantifye l kòm Ayisyen.

2.- Dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo

1. Dèt ekstèn peyi d Ayiti a ogmante plis pase 70% pandan 10 lane pase yo. Sèvis dèt la reprezante yon gwo pòsyon nan bidjè nasyonal la. yon peyi ki nan yon sitiyoasyon katastwòf konsa rive bay Bank Mondyal lajan ki sòti nan kès li. Nou konsidere se yon eskandal grav lè yo deside, jan yo fè sa nan dokiman CCI a, pou peyi a pran nan ti kras resous ki deja pa ase, pou peye aryere dèt la. Yo egzije l kontinye peye yon dèt « *odieuse et illegitime* », paske pi fò ladan l te ale nan pòch gwo palto gras ak koripsyon. Nou egzije anilasyon dèt ekstèn nan, espesyalman dèt bilateral ki engizte ant peyi d Ayiti ak peyi Lafrans, Lespay ak Litali.

Nou egzije yon peryòd 7 lane (moratwa) pou pi piti, pou Ayiti pa peye dèt multilateral yo, avèk efè imedya epi yon odit sitwayen ki kapab montre karaktè ilejitim yon bon pati nan dèt ekstèn Ayiti a. Kantite lajan k ap libere nan moratwa sa a kapab investi an priyorite nan domèn edikasyon, sante ak enfrastrikti riral jan Kanpay Jibile 2000 la te mande sa.

2. Nou mande Inyon Ewopeyèn ak Gouvènman nasyonal yo pou yo:
 - Chanje yon fason radikal politik yo genyen kounye a pou soutni anplwa nan zòn fwontalye yo ki chita sou devlopman zòn franch yo (pou redui fenomèn migrasyon an), akòz move konsekans premye esperyans yo genyen sou dwa sendikal ak sou pwodiksyon agrikòl la.
 - Apiye pwosesis ranfòsman leta ayisyen an pou li kapab garanti dwa ekonomik, sosyal ak kiltirèl yo, espesyalman :
 - Dwa pou jwenn yon bon edikasyon fòmèl epi kontini, amelyorasyon ak mete anplas yon politik piblik edikasyon ki ka garanti egalite chans pou tout Ayisyèn ak Ayisyen.
 - Soutni tout inisyativ nan domèn edikasyon (Daprè konstitisyon ayisyèn nan, leta garanti edikasyon primè gratis pou tout Ayisyèn ak Ayisyen) epi ansèyman teknik ak pwofesyonèl.
 - Dwa a yon salè ki koresponn ak pri lavi a gras ak kreyasyon anplwa, k ap bay lajan nan ekonomi peyi a, nan agrikilti ak atizana anpatikilye.

- Dwa lasante nan devlope pwogram piblik ki mete aksan sou sante prevantif, prizanchaj sante medam yo e garanti sèvis de baz yo ki se : dlo potab, ak asenisman.
- Dwa a yon anviwonman ki pwòp pou frennen katastwòf ekolojik nan pwoteje rezèv natirèl yo, nan fè pwomosyon pou agrikilti a, nan amenaje pak natirèl yo bò kote chak sous dlo. Genyen pwovizyon legal pou dènye pwen sa a. Nou ka ankouraje aktivite plante pyebwa k ap bay fwi, fè elvaj, fè pepinyè (aborikilti) nan apiye òganizasyon peyizan yo ak pwodiksyon nasyonal.
- Dwa pou tout moun gen yon bon kay pou l rete nan kad yon politik ibanizasyon desantralize.
- Dwa pou respè kilti ayisyèn nan. Kilti ayisyèn nan (penti, atizana, mizik, literati, el.) rete yon zèl kat enpòtan peyi a genyen. Li ta bon anpil pou apiye tout inisyativ ki vize fè pwomosyon ak modènize pwodiksyon atistik ak atizana ayisyen an.

3.- Sekirite alimantè pou souverènte alimantè

Nou mande Inyon Ewopeyèn ak gouvènman nasyonal yo :

1. Apiye aktè ayisyen yo nan demach ki vize remete agrikilti, elvaj, lapèch nan mitan yon pwosesis devlopman lokal ak nasyonal k ap reyalize nan devlopman sistèm agrikòl yo, k ap respekte anviwònman, k ap jenere revni ak anplwa. Sa egzije yon politik klè ki vize souverènte alimantè, nan :
 - Ranfòse enstitisyon leta yo pou mete sou pye politik ak pwogram k ap apiye epi valorize agrikilti peyizan.
 - Ranfòse fòmasyon teknik nan agrikilti pou jèn yo.
 - Ranfòse divès aktivite agrikòl yo (apiye pwodiksyon nasyonal, transfòmasyon ak komèsyalizasyon pwodwi yo sou plan lokal, nasyonal ak entènayonal, epi òganizasyonèl).
2. Apiye valorizasyon sistèm pwodiktif la, nan mete sou pye enfrastrikti ak sèvis ki nesèsè yo ki se : wout, irigasyon, kouran elektrik, entran, estokaj ak kredi... elatriye.
3. Fasilite mizanplas yon politik k ap pèmèt nou devlope agrikilti ayisyen an nan soutni espesyalman yon amonize dwa dwàn yo

nan rejyon an (nan KARIKOM ak MERKOSUR) nan bi pou diminye konkirans malonèt.

4. Sispann epi kondane tout pratik sibvansyon pou pwodui k ap sòti nan peyi Nò yo pou vini nan peyi Sid yo.

Nan nivo relasyon ant patnè entènasyonal ak ayisyen yo, li ta bon anpil pou nou tabli yon dyalòg ki pi dirèk epi ki diferan ak jan sa konn abitwe fèt ant bayè defon yo, enstitisyon finansman yo ak benefisyè yo, ki souvan chaje ak laperèz pou pa pèdi yon finansman paske yo pa gen menm diskou.

Pou fini, Ewopeyen ak Ewopeyèn yo kapab bay pozisyon ayisyen yo jarèt nan retransmèt li espesyalman nan zafè pwomosyon ak defans dwa moun. Yo kab travay pou tout pwomès ki fèt pou apiye Ayiti kapab rive bout (paegzanp : Konferans Daka sou edikasyon inivèsèl). Yo kab ede Ayiti tou nan denonse ak rete vijilan nan mizanplas CCI a.

Yon fason jeneral, òganizasyon ayisyen yo mande Inyon Ewopeyèn, leta manm Inyon Ewopeyèn yo ak gouvènman nasyonal yo pou yo chache rantre pi plis nan fè suivi tout rekòmandasyon sa yo. Api n ap chache a mare ak priyorite pou rekonstui yon leta ki chita sou lalwa kote gouvènman an, palman an ak kolektivite teritoryal yo rive prepare ak mete sou pye yon kad global devlopman ki kapab reyalize pou peyi a avèk patisipasyon tout sektè ki òganize nan sosyete sivil la.

Nan lane 2004 la, Ayiti gen randevou ak listwa. Ayiti gen mwayen nan men l toujou pou l pran istwa l nan men l.

Se Jocelyne Colas ki mete dokiman sa a an kreyòl

TRET AK TRAFIK MOUN :

VYOLASYON DWA MOUN

Pa gen lontan depi pawòl trèt ak trafik moun kòmanse ap pale anndan enstitisyon ak òganizasyon dwa moun yo nan peyi a.

Mo sa yo parèt nouvo, se vre, men pratik yo gen lontan lontan depi y ap fèt nan lemonn, e menn ann Ayiti. Pratik esklavaj sou tan lakoloni, kote yo te konn pran moun ki sòti ann Afrik pou fòse yo vin travay ann Amerik, se yon egzanp klè. Lòt egzanp nou ka pran se sistèm « timoun restavèk » la nan peyi a. De (2) egzanp sa yo montre nan anpil kote sou latè trèt ak trafik moun toujou ap fèt jisjounen jodi a. Fi ak timoun se de kategori moun ki plis viktim pratik sa yo ki konn fèt swa ant peyi ak peyi oswa anndan yon peyi menm. Kisa ki trèt moun ? Kisa ki trafik moun ?

Trèt moun : se lè yo pran yon moun san li pa vle, pou fòse l fè yon seri bagay tankou : pwostitisyon, travay fòse anndan kou deyò peyi l, sou baz manti, menas, ak fo pwomès.

Trafik moun : se aksyon ilegal pou transpòte yon moun sòti nan yon peyi pou ale nan yon lòt peyi san pase nan chemen lalwa prevwa pou sa.

Li konn difisil kèk fwa pou fè diferans ant trèt ak trafik ilegal. Gen trèt ki fèt san pa gen trafik ilegal pou sa. Gen trafik ilegal ki pa trèt. Yon moun ka vwayaje ak tout papye legal li, epi se anba presyon li te fè sa epi se nan esplwatasyon yo pral mennen li. Men lè se yon timoun ki konsènen pa gen de pawòl, se yon ka trèt li ye. Yo konsidere tout trafik ki fèt ak yon timoun tankou yon trèt. Se yon abi grav, se yon krim, paske yon timoun pa ka deside pou tèt li, pou l chwazi si li prale oswa si li pa prale nan yon sitiasyon konsa.

Trèt ak trafik moun se vyolasyon dwa moun

Trèt ak trafik moun se gwo vyolasyon dwa moun. Se yon fòm esklavaj ki pase diyite moun anba pye. Pratik sa yo vyole divès dwa moun genyen tankou : dwa lavi, dwa pou sikile libelibè, dwa pou pale, pou viv nan bon kondisyon. Ti fi ak medam sibi kadejak. Moun pèdi moso nan kò yo. Moun sibi move trètman. Pratik trèt ak trafik moun fè pwomosyon pou krim. Yo

lakòz gwo domaj nan fanmi yo. Moun ki viktim pratik sa yo vin pi pòv pandan kèk lòt ap fè gwo mago lajan.

Kijan sa ye pou Ayiti ?

Sitiyasyon ekonomik malouk ki genyen an Ayiti pouse anpil moun al chache lavi lòt kote. Kit se soti nan yon vil al nan yon lòt, kit se soti nan yon peyi al nan yon lòt peyi. Anpil Ayisyen ap pati ale Sendomeng pou al chache lavi. Se sa k fè trèt ak trafik moun se de reyalite ki pa nouvo ant Repiblik Dominikèn ak Ayiti. Gwo izin dominiken yo gen abitud peye boukonn pou ale chache moun ki pi pòv e ki gen plis neseseite ak pou oblije yo vin travay nan panyòl. Trafik ilegal sa a pral mennen dèyè l gwo vyolasyon dwa moun ak esplwatasyon. Nan zòn fwontyè ant Ayiti ak Ladominikani sitou, otorite yo konn arete moun sa yo, tire sou machin k ap transpòte moun yo, pran tout sa k sou yo. Lè gen pwoblèm, boukonn yo konn abandone moun yo nan raje ak nan limit fwontyè yo. Boukonn yo konn pran anpil lajan nan men moun pou vwayaj sa yo. Medam ak tifi konn sibi kadejak. Gen moun ki konn mouri akòz yo pa gen manje ni dlo oubyen tou paske otorite yo konn tire sou machin k ap transpòte yo.

Nan aktivite trafik ilegal k ap fèt ant Ayiti ak Repiblik Dominikèn, nou jwenn anpil timoun trafikan bay paran yo lajan pou pran yo mennen nan panyòl. Gen paran ki konn resewa soti 1500 goud pou rive 2000 goud pou yon timoun. Daprè yon ankèt UNICEF ak OIM (2 òganis Nasyonzini) te reyalize nan lane 2001, se trafikan yo ki resewa lajan timoun yo fè nan aktivite chany, ti komès oswa travay domestik nan panyòl.

Ki sa lalwa di sou koze trèt ak trafik moun ?

Malgre Ayiti siyen 2 pwotokòl adisyonèl Nasyonzini yo ki kondane trèt ak trafik moun, pokò gen lwa anndan peyi a ki ka sèvi pou konbat trèt ak trafik moun. Menm si gouvènman dominiken pran yon lwa nan lane 2003 sou zafè trafik ilegal akòz gouvènman meriken te mete Ayiti ak Ladominikani sou lis kòm peyi ki tolere trafik ilegal moun san yo pa fè anyen pou konbat sa, sa pa bay okenn espwa kalamite migran ayisyen yo ap fini pou sa ki konsènen trèt ak trafik moun.

Atansyon pa kapon!

Ak pwovèb sa a nou vle di menm si li pa twò fasil pou separe trèt ak trafik moun nan kèk ka, men li enpòtan pou nou fè atansyon ak divès aksyon tankou :

- ✓ Moun ki vin mande nou pèmision pou mennen timoun nou nan yon lòt kote.
- ✓ Moun ki vin fè nou konnen yo ka pèmèt nou jwenn papye legal pou nou rete nan peyi Sendomeng. Se yon fason pou twonpe nou.
- ✓ Moun ki vin ofri nou travay nan panyòl ak yon seri pwomès. Fò nou konnen pwomès sa yo pa janm vre.

Trèt ak trafik moun se gwo vyolasyon dwa moun. Pi plis pase anvan, gen jefò k ap fèt bò kote divès òganizasyon pou ede moun pi byen konprann pwoblèm sa a, k ap pèmèt nou konstwi pitipiti yon priz konsyans. Pandan lane 2004 la gen yon kanpay sansibilizasyon ak fòmasyon divès òganizasyon te antreprann anndan peyi a. Kanpay sa a te bout nan prezante bay prezidan peyi a nan dat 4 mas 2005 plis pase 150 siyati sitwayen, sitwayèn ak divès otorite sou zòn fwontyè Ayiti ak dominikani ki mande pou leta pran mezi ki nesèsè pou konbat trèt ak trafik moun nan peyi a. Nou swete nou pa rete la nan batay la. Men pou nou kontinye pran inisyativ epi egzije otorite peyi a pran responsablite l non sèlman pou fini ak zafè trèt ak trafik moun anndan tankou deyò peyi a, men tou pou kreye bon jan kondisyon pou ayisyen kapab viv nan peyi li nan diyite ak respè tout dwa li yo.

*Jocelyne Colas
Reskonsab fòmasyon nan Jilap Achipo
Manm komisyon Trafik ak trèt moun nan GARR
23 mas 2005*

Lavi prizonye an Repiblik Dominikèn

SANT SAN FELIPE NAN PUERTO PLATA YON PÒT LOUVRI POU PRIZONYE

Puerto Plata se yon vil nan Repiblik Dominikèn ki gen yon sant pou reyabilite prizonye, ki rele Sant San Felipe. Nan fen mwa desanm 2004, yon delegasyon te sòti Ayiti pou al vizite Sant la. Delegasyon sa a te gen ladan l, reprezantan JILAP, manm Asosyasyon Nasyonal Majistra Ayisyen (ANAMAH) ak Sant Ekimenik Dwa Moun (CEDH), ak lòt ankò. Reprezantan JILAP la, Mèt Chérubin Tragélus ap pataje ak zanmi JILAP yo, sa li aprann sou Sant San Felipe, nan kad vizit sila a.

Otorite lajistis yo kreye **Sant San Felipe** pou jèn ki sibi move trètman nan prizon, apre lapolis fin arete yo an gwo ponyèt. Nan pi fò ka yo, pa gen anyen ki jistifye arestasyon yo. Dapre temwayaj jèn yo bay, se pandan lapolis ap fè desant delye pou mete men sou yon moun kèlkonk yo sispèk, yo tou arete yo menm ki pa t nan anyen. Nan sans sa a, gen anpil konpatiyòt ayisyen ki viktim e ki fè anpil tan fèmen nan prizon. Gen yon dizèn ladan yo ki nan sitistasyon sila a e k ap suiv pwogram reyabilitasyon nan *Sant San Felipe*.

Gen prizonye plizyè nasyon nan sant la. Tout gason yo deja sibi kondanasyon alòske fanm yo se « *detni pwovizwa* » kidonk moun ki pa gen kondanasyon sou tèt yo.

Nan *Sant San Felipe*, gen divès mezi ki pran anfavè reyabilitasyon prizonye yo. Gen sant alfabetizasyon pou fanm ak gason, sant kouti pou fanm ak gason, sant enfòmètik, estidyo, boulanjri, teren baskèt, sal chapant, atelye soudi, sal espò, teren pou jwe. Gen kote pou prizonye yo fè jaden.

Prizonye yo di, yo alèz nan sant la. Anplis tou, sant la mete avoka aladispozisyon yo.

Sa ki pozitif nan fòm reyabilitasyon sila a, sèke li pote koreksyon nan arestasyon ilegal lapolis dominikèn ap fè. Anplis, lè moun yo kite sant lan, yo gen yon metye nan men yo pou yo viv.

Nan kad dwa prizonye ak diyite moun, Leta ayisyen ta kapab koumanse ak yon pwojè pilòt konsa. Anpil moun k ap pouri nan detansyon pwovizwa pwolonje ta kapab rale yon souf. Anpil nan moun sila yo, se moun lapolis arete ilegalman oswa pou yon regleman kont. Se ta yon solisyon pou rezoud pwoblèm Penitansye nasyonal la ak lòt sant detansyon yo ki gen moun pil sou pil ladan yo. Se yon inisyativ òganizasyon dwa moun yo ta dwe ankouraje, tankou paegzanp Platfòm Oganizasyon Dwa Moun (POHDH), Gwoup k ap Apiye Refijye ak Rapatriye yo (GARR), Jistis ak Lapè (JILAP), elatriye.

Mèt Chérubin Tragélus

Kòmantè

Jistis ak Politik nan tan tranzisyon

Se yon prensip nan tout Eta dedwa pou Pouvwa Lajistis la byen separe ak Pouvwa Egzekitif la. Lajistis dwe endepandan pou l kapab rann bon jijman, pou l kapab aplike lalwa komsadwa san paspouki. Paske, pa gen moun ki dwe sou tèt lalwa. Tout moun dwe egalego devan lalwa.

Nan peyi d Ayiti, tout moun konnen jan Pouvwa Lajistis la twouve l anba fòs politik Pouvwa Egzekitif la. Chak dlo vini ak krabinay li, se yon pawòl tout moun konnen.

Depi tan tranzisyon an konmanse, Gouvènman an pale anpil sou Pouvwa Lajistis la ki dwe endepandan. Men nou wè tou, se nan moman sa a, Pouvwa lajistis la ap pran yon seri desizyon moun pa rive konprann si l pa konsidere kontèks politik peyi a ap viv ladan an. Yon seri desizyon Lajistis ap pran bay anpil moun tèt chaje. Men, chak fwa y ap di: se onon endepandans lajistis y ap pran yo. Oubyen, paske Lajistis endepandan, tout moun fèt pou asepte epi respekte desizyon yo. Menm si moun pa konprann... tandiske, tout desizyon Lajistis pran ta dwe klè ak transparan selon prensip lalwa.

1. Dabò, nan mwa mas 2004, tout moun sezi tande M. Chamblen bay tèt li kòm prizonye, pou yo kapab jije l nan zafè pwochè Raboto a ki te kondane l annabsans li. Kèk mwa apre sa, yon jij òdone liberasyon l. Lè plizyè òganizasyon dwa moun (POHDH, RNDDH, CARLI) manifeste malalèz yo, yo rele yo devan jij, paske, selon sa yo di, yo te manke respekte Lajistis. Chamblen te patisipe nan pouse do prezidan Aristid, men tout moun sonje tou jan l te mele nan zafè Fraph pandan ane koudeta yo.

2. Apre sa, Kou kasasyon an, ki pi gwo otorite Lajistis nan peyi a, anile pwose Raboto a, ki, dapre sa yo di, pa t respekte règ yo depi jijman Raboto a te fèt ak asistans jiri, tandiske li pa te dwe fèt konsa. Pou ki sa Gran tribinal sila a te bezwen 5 lane pou wè si yon pwochè pa t fèt selon règ jwèt yo ? Lakou a anile jijman an, men li pa di akize yo pa koupab. Pou ki lè yon nouvo jijman an ap fèt ?

3. Men gen lòt nivo nan Lajistis toujou ki bay tèt chaje. Konsa, Kou apèl la anile òdonans jij enstriksyon an t ap prepare pou pwochè Pè Jan Mari Vensan. Li kase òdonans la, e an menm tan, li fè l vin enposib rapouswiv plizyè moun òdonans la pa t akize nan moman sa a. Se kòm si li regle koze yo davans. Pè Jan Mari Vensan t ap batay pou retou Aristid anvan 1994.

4. Gen lòt jijman ki mize nan wout. Pwochè Lasiri nan Sen Mak vanse tipa tipa sèlman. Si akizasyon yo klè konsa, pou ki sa enstriksyon an pa mache pi rapid ? Pwochè kont asasen Jan Dominik pa vanse. Pwochè ki konsènen lanmò Ti Jan Pye Lwi, se bliye sa. Pou pwochè Lasiri, yo kenbe plizyè moun yo akize nan prizon. Pou lòt ka yo menm, pyès moun pa konnen kote yo rete. Moun yo akize epi kenbe nan prizon, menm si yo pokò kondane yo, pa ka jwi dwa sivil ak politik yo, paske yo pa pèmèt yo vin kandida nan eleksyon pa egzant.

5. An menm tan, yo fè n wè, gen moun ki te mele aklè nan asasina ak krim ki pote tèt yo kandida pou divès pòs nan eleksyon k ap fèt la, depi nan prezidans rive nan eleksyon lokal yo. Ann sonje masak nan legliz Jan Bòsko pandan tranzisyon an apre diktati a. Gen kandida yo nonmen nan asasina ki fèt sou Jan Dominik. Gen sa ki te komèt krim nan moman yo t ap voye prezidan Aristid ale. Lòt kandida toujou te mele nan presyon yo t ap fè sou KEP la nan lane 2000, pou fè pase eleksyon ki bay peyi a pakèt problèm sa yo. Nan tout ka sa yo, pa gen viktim ki pote plent devan tribinal yo. Tèlman enpinite ak laperèz kenbe peyi a prizonye.

5. Finalman, nan dat 12 oktob 2005, kou Kasasyon an pwononse l sou doub nasyonalite youn nan kandida yo KEP la te refize, paske l te antre nan peyi a ak youn paspò meriken, tandiske Manman lwa peyi a pa rekonèt doub nasyonalite a. Kou kasasyon an pa t bay KEP la rezon, okontrè li mande l pou remete kandida a sou lis kandida yo. Anpil kesyon poze. Moun pa konprann. Eske etranje kapab prezidan peyi a ? Sou ki sa egzaktman Gran tribinal la te pwononse l ? Eske se sou fòm kesyon an ki te parèt devan l, oswa èske se sou fon kesyon an menm ? An menm tan, anpil Ayisyen menm pa ka di yo Ayisyen, paske menm youn batistè yo pa genyen nan men yo...

Sa se kèk egzant sèlman. Li montre kriz Lajistis ap travèse nan peyi a pokò bout. Jous kilè ? Gade tèt chaje lè Lajistis pa mache kòm sadwa nan youn peyi. Enpinite sa a, se pa li k rekonsilyasyon nasyonal tout moun swete a !! (JH)

Enpòtans pwochèn eleksyon yo

La conjoncture politique nationale est particulièrement délicate. Nous sommes sans doute, étant donné les éléments réunis, à un instant critique, moment-seuil de l'histoire du pays. La célébration du 200^e anniversaire de la Fondation de l'Etat haïtien dans les conditions aussi "inédites" que l'on sait, constitue un traitement-choc qui aurait pu être fatal pour la souveraineté nationale, mais qui devrait provoquer en fait un réveil ou sursaut de la conscience nationale haïtienne. Le mandat écourté du Président de la République dans des circonstances peu transparentes, loin de constituer un blocage pour l'évolution de la situation, devrait au contraire inciter les acteurs haïtiens à reconnaître et à assumer davantage leurs responsabilités face à la Nation et par rapport à la Communauté internationale.

Après le 29 février 2004, une période de violences sans précédent dans l'histoire pourtant mouvementée de notre pays a bouleversé la vie nationale, même si en fait elle a prévalu surtout dans la capitale. Il est hautement souhaitable que « cette transition qui n'en finit pas » cède le pas à une évolution plus régulière de la vie politique de ce pays... pour le plus grand bien de tous. C'est ce à quoi devraient normalement conduire les élections. C'est ce que semble espérer le peuple haïtien dans son ensemble et en particulier la majorité défavorisée et silencieuse.

Konjonkti politik n ap viv jounen jodi a nan peyi d Ayiti, se yon moman kritik, men nou ta di pito yon « moman kle » nan listwa Nasyon an, yon lane apre selebrasyon tèt chaje Bisantnè Fondasyon Lendepandans Leta Ayisyen an. Olye selebrasyon nòmal desanzan depi peyi sa a granmoun tèt li, se fen brital manda yon Prezidan nan kondisyon ki pa klè pou pi fò moun nan peyi a. Apre sa, vyolans blayi sou kapital la nan moman yon tranzisyon tèt chaje ta dwe rive nan bout li.

Eleksyon yo nesèsè pou pèp la chwazi moun li wè ki kapab sòti peyi a nan sitiyasyon doulè tranche sa a pou mennen li nan yon peryòd kalmi, pi nòmal, ki va pèmèt li wè lavni li pi klè. Ki sa k ap fèt nan direksyon sa a ? Ki bilan aktivite KEP la nan moman an ? Delè livrezon machandiz la rakousi serye. Èske garanti ak dispozisyon gouvènman an pran pou asire siksè pwosesis la ap sifi pou ogmante efikasite machin lan ? Ki sa pèp ayisyen an di, ki espwa li kapab genyen nan sitiyasyon sa a ?

Chòk « tanpèt » ki te anonse pou 2004 la desounen lespri moun kèlkeswa sektè nan sosyete a. Pandan tout Ayisyen ki renmen peyi yo t ap tann yon selebrasyon osinon grandyòz dimwens lejitim fèt Bisantnè peyi a, se latwoublay politik pi rèd ki te pran pye nan mitan Nasyon an. Se divizyon ki kounya a vin separe sitwayen ayisyen yo, fann sosyete a fè de (2) kan, kòm si ou ta di enterè youn pa ta menm ak enterè lòt la osinon yo pa ta fè pati yon menm nasyon. Sityasyon ki enkyete ata etranje k ap obsève sosyete peyi d Ayiti.¹

Chire pit rèd ki te genyen ant pouvwa a ak opozisyon an te tèlman vin pa ka regle dapre de (2) kan yo, se Prezidan peyi a menm ki te eli nan kondisyon k pa t twò klè nan eleksyon 26 novanm 2001 an, ki te «fòse» nan sikonstans pi twoub toujou, kite peyi a ak pouvwa a, pou te ka debloke sityasyon blakawout kote sitwayen ayisyen te twouve yo tonbe nan ane 200^{èm} anivèsè premye Repiblik Nèg sou tè a.

Men sepandan vwala depi dat 29 fevriye 2004 la, olye sityasyon politik peyi a te vin pi klè jan sèten sektè ou aktè sou sèn nan te anonse Nasyon an, se konplike jwèt politik la te tounen vin pi konplike. Ensekirite blayi sou kapital peyi d Ayiti, Pòtoprens, pi espesyalman apati 30 sektanm 2004. Yon chenn vyolans tout kalte, moun bay nonjwèt « Operasyon Bagdad », pral defigire aktivite ak lavi nan kapital la, nan yon pwenn moun pa te kab sipoze nan lespri yo de ou twa lane anvan sa. Sepandan anons te fèt ki te di : « L ap rive fè nwa a midi nan peyi d Ayiti » !

Eleksyon se yon pòt pou sòti nan sityasyon makawon sa a. Bèl pwomès te fèt ki te di tout bagay t apral oke « 48 èdtan aprè Aristid va remèt pouvwa a ». Gwo pwogram èd entènasyonal te klewonnen pou fè kwè « L'impossible » posib nan peyi d Ayiti. Youn ou de mwa apeprè anvan dat ki sipoze anonse pou eleksyon jeneral yo, ki jan sityasyon an prezante pou sitwayen òdinè peyi d Ayiti, anpatikilye pou sila yo ki pa janm konnen nan vi yo kondisyon lavi ki sanble ak sa moun ta bezwen pou yo viv nan yon peyi òganize plizoumwenn nòmal ? Se gwo keksyon sa a analiz konjonkti a ta dwe pèmèt nou wè ki repons ak ki avni k ap desinen pou peyi d Ayiti, jodi a ak demen, avèk ògnizasyon eleksyon « maraton » sa yo.

Nou di eleksyon « maraton », alòske eleksyon yo sipoze ap prepare depi prèske de (2) zan deja. Men vwala, reta ki te pran, – pou rezon ki pa fin klè yon lòt fwa ankò –, rive fè gen dout sou posiblite òganizasyon vòt la anvan dat yo di « dènye delè », pou 7 fevriye 2006 yon nouvo prezidan enstale alatèt peyi a.

¹ Cf. Rapò Pax Christi International Council, 18 May 2004: "The elite are foreign to the real problems of Haiti's poor."

Se kounye a kèk kat elektoral kòmanse ap distribye. Pi fò sitwayen nan katye popilè ak nan anpil seksyon kominal pòkò menm jwenn biwo vòt pou non yo ka antre nan rejis elektoral la. Alòske KEP la sanble ap debat kò li pou make pa sou plas, – gouvènman an blije entèvni pou nonmen yon « *Commission d'Appui* » pou bay KEP la jarèt epi mete anplas yon « sipè direktè » egzekitif ki ta dwe pi konpetan pase lòt la. Devan ti tan ki rete pou korije sa ki merite, pou plase tout sa k nesèsè pou wonn final la, menm yon atlèt ki abitye genyen kous maraton p ap ka jwenn ase tan pou fin kouri kous la si ti tan ki rete a deja twò kout pou rès distans lan...

Sa Pèp ayisyen an dwe atann de eleksyon sa a, sizoka li resi fèt kòm sa dwa plizoumwens ? Keksyon an poze seryezman.

Yo di peyi d Ayiti pa ka retounen nan eleksyon konteste ankò, donk dabò li pa dwe pran nan eleksyon kontestab. Èske nou dwe espere « *l'impossible* » malgre tou sa rete posib nan peyi d Ayiti ? Reskonsab yo gen travay nan nwit pase san dòmi devan yo si toutfwà yo kapab oubyen yo kenbe nan tèt yo reskonsablite se reskonsablite. Osonn èske se vwazen nou va blije asepte vle pa vle (oswa envite menm) ki toujou twò kontan deja pare pou vin pran kle kay, pase de kout bale, deplase kèk mèb, retire enpe pousyè...

Ti kay la jennen, fil kandida yo men longè ! Pou ki rezon pote boure sa a ? Sa ki nan pwogram yo ? Ki jan pèp la ap fè rekonèt moun li vle a nan mitan kafouyaj sa a ? Eske elektè yo kapab wè klè nan pami karannkat (44) pwogram diferan ? Si yo pa diferan, alòs pou ki vrè lidè yo pa antann yo pou ede pèp la fè chwa li ant de (2) oubyen twa (3) pwogram konsekan vre ?

Eleksyon yo se yon kle. Nan tout sans. Pasaj oblije demokrasi toutbon. Pasaj oblije pou sòti nan sitiasyon madoulè sa a pou rive nan yon peryòd delivrans ki ta dwe pèmèt nou wè demen miyò. Eske kle sa a nan men nou toujou oubyen li deja chape ...nan kout panzou san avèti ?

Sa ou di, Pèp Ayisyen, ou menm ki mèt jwèt la ? Se kekisyon sa a ki poze nan fen atik sa a. Nou ta swete tande pèp la li menm, nan tout kouch ki konpoze li, reponn ak vwa pa l. Se sa eleksyon sa yo ta dwe ba li okazyon fè.

Hérolde Mimy Dautruche
Kòdonatè Nasyonal
Obsèvasyon elektoral
Komisyon Episkopal Nasyonal Jistis ak Lapè

Fè jistis : pini koupab yo oswa refè relasyon ant moun?

Jistis k ap refè relasyon olye de yon jistis pou pini koupab la : se monseyè Desmond Tutu (Afrik Disid) ki te vini ak lide a. Sosyete a mande jistis. Sa se yon bagay ki kòrèk. Fòk koupab la konnen sa l te fè a pa bon, fò l rekonèt li, yo dwe pini li, epi fòk gen reparasyon ki fèt. Men, lè n vle pou jistis fèt, èske pa gen lòt bagay pou n chèche tou, tankou refè relasyon yo ki defèt poutèt zak ki te fèt la ? Eske se pa refè relasyon yo ant moun ki vrè sans jistis n ap chèche a si yon kominote bezwen kontinye viv? Monseyè Desmond Tutu te ekri refleksyon sa yo apre eksperyans li te fè nan peyi Afrik Disid ak Komisyon Verite ak Rekonsilyasyon an. Men kesyon li poze a ale pi lwen pase sèl travay komisyon sila a.

An jeneral, lè moun pale sou jistis ki dwe fèt, yo pale sou koupab la yo dwe pini. Yo vle fini ak enpinite anvan tout lòt bagay. Men nou dwe rekonèt tou, nan anpil peyi kote yo pini moun ak anpil severite, toujou genyen krim. Egzanp : nan peyi Etazini kote yo kondane moun amò lè yo fè krim, toujou kontinye genyen krim k ap fèt, menm jan ak nan lòt peyi yo kote yo pa touye kriminèl yo. Represyon sèlman pa kab regle kesyon kriminalite a nan yon sosyete.

Nou dwe poze tèt nou kesyon ki sa n chèche lè n ap mande pou yo fè jistis.

Men ki sa monseyè Tutu di sou sa : « *Yon krim lakòz relasyon yo kase. Objektif pwosè penal la se repara distans ki vin kreye a, refè bon relasyon yo epi mete balans la nan plas li. Sa vle di, n ap travay pou rive genyen rekonsilyasyon ant viktim nan ak koupab la. Sa pa vle di pa p gen sanksyon : yo kapab fè l peye reparasyon, yo kapab egzile l pou yon sèten tan deyò kominote a, men objektif la rete : gerizon.* » Li kontinye di : Lè yo annik vle jistis k ap pini koupab la, yo gen tandans pou bliye viktim nan, li pa enpòtan vrèman ; tandiske lè n vle yon jistis k ap fè reparasyon, ni viktim nan ni koupab la vin enpòtan anpil.

Travay pou yon pratik lajistis k ap repara relasyon nan mitan moun pa fasil. Rod Carter, ki li menm te nan prizon nan peyi Kanada, mete kèk kondisyon pou sa kapab fèt. Men ki sa l di :

Moun k ap travay pou jistis nan sans sa a, dwe gen bon konviksyon. Yo dwe se moun ki reskonsab, ki onèt, ki dakò chèche sa k pi byen pou lòt yo. Pa gen kesyon enterè nan sa.

Jistis k ap chèche repara relasyon nan mitan moun, fèt sou yon baz ki volontè. Epi, ni viktim nan, ni koupab la, ni kominote a dwe mele ladan l.

Si moun vle, yo kapab chèche reyalize jistis sa a nan ti bagay ki divize yon vwazinay tankou nan gwo bagay ki mete peyi kont peyi. Li kapab valab pou ti konfli tankou pou gwo krim.

Sa k pi enpòtan pou repara relasyon, se pou tout moun jwenn chans pou pale, pou yo gade tout konsekans evènman yo genyen, pou gen plas pou moun montre santiman, pou yo dakò pran angajman pou gen plis sekirite ak lapè nan yon kominote kote yo te kab refè relasyon yo.

Prensipal aktè yo nan tout pwosesis la se viktim nan, koupab la ak kominote a. Sa pa moun ki sòt deyò.

Sa k mennen nan reyisit la, se koute lòt la, epi di laverite.

Yon jistis ki chèche refè relasyon yo, se pi gwo bagay pou krim pa kontinye ap fèt nan kominote yo.

Moun k ap swiv sesyon sou Bati Lapè, ki òganize nan kad Jistis ak Lapè, ap dekouvri nan sa Rod Carter t ap di plizyè prensip ki valab tout kote moun ap travay pou lapè.

Travay pou lapè, se travay pou gen relasyon korèk nan mitan moun. Si lajistis nan tribinal yo pa kreye lapè nan kominote yo, èske li pa manke nan misyon li ?

(JH)

Jistis ak Lapè, ni nan nati l, ni nan fòm li, ni nan filozofi l pa gen okenn rapò ak pati politik ki rele : « Platfòm Jistis pou Lapè ak Devlopman Nasyonal ». Non pati politik sa a pa menm ak Komisyon Jistis ak Lapè (JILAP). Evite konfisyon sa a, tanpri.

Deklarasyon Jilap Jeremi, 16 septanm 2005

Jistis ak Lapè toupatou sou latè

Yo menase l pou yo mete l deyò

Nan peyi Panyòl, tanzantan y ap fè menas kont Pè Pedro Rucqoy pou yo mete l deyò nan peyi a. Pè Pedro se yon misyonè Bèlj nan kongregasyon misyonè Eskèt yo, k ap travay nan batèy yo nan mitan migran Ayisyen yo. Gwoup rasis k ap preche rayisans kont Ayisyen nan peyi Panyòl la pa vle wè travay li. Pou sa, y ap mande Leta Dominiken pou mete l deyò nan peyi a. Pèsekisyon sa a ap fèt depi Pè Pedro t al temwaye devan Lakou Entèameriken Dwa moun sou kondisyon Ayisyen yo ap viv nan Repiblik vwazen an. Men menas te vin fò anpil nan dènye tan sa yo depi nan mwa sèktanm ki sòt pase la a. Nou swete Pè Pedro fòs ak kouraj nan travay difisil sa a ki se travay pou respè dwa Ayisyen nan Repiblik Dominiken an.

Refize lamizè

Chak ane jou ki te 17 oktòb, yon Mouvman ki rele Mouvman Katriyèm Mond la ap mobilize moun pou yo refize lamizè. Pè Joseph Wrezinki te fonde mouvman sa a, nan peyi Lafrans. Nan peyi d Ayiti, manm yo ap travay nan zòn Gran Ravin (Matisan) ak Fondenèg (depatman Sid).

IMIGRAN AYISYEN YO BEZWEN YON LETA RESPONSAB!

Dapre chif ki sòti nan rapò GARR te pibliye, pou lane 2004 la, kantite moun ann Ayiti ki te blije deplase, kouri kite kay yo, ta plis pase 30 mil. Yo rele moun sa yo « deplase entèn ». Pi souvan moun sa yo kouri deplase sanzatann. Yo kite kay yo, byen yo, komès yo, jaden yo, travay yo...

Pi fò moun sa yo deplase akòz pwoblèm ensekirite ak vyolans. Dapre Konstitisyon peyi d Ayiti, Leta gen responsablite l pou bay pitit peyi a sekirite. Kidonk, si jounen jodi a, gen plizyè moun k ap kouri poutèt vyolans, atanta kont lavi yo, sa vle di Leta pa respekte responsablite konstitisyon an ba li.

Pandan moun t ap kouri adwat-agòch konsa anndan Ayiti, sou fwontyè a menm, depòtasyon yo t ap kontinye.

Rapò GARR la fè n konnen, pou lane 2004 la, malgre kriz politik la te mangonmen nan peyi d Ayiti, Leta dominiken voye tounen plis pase 15 mil ayisyen ak ayisyèn. 71 pousan nan rapatriye sa yo pase pa fwontyè Wanament ak Bèladè kote Leta ayisyen, atravè ONM, ki se biwo ki okipe zafè rapatriman, pa prèske prezan.

Kanta pou Ayisyen k ap viv an Repiblik Dominikèn yo menm, se pa toutan yo jwenn chans resevwa sèvis nan men Anbasad ak Konsila Ayiti genyen nan peyi sa a.

Dayè, dirijan Leta yo pa bay biwo sa yo twòp enpòtans. Menm dlo ak kouran li konn neglije peye pou yo, jan sa te pase ak Konsila ayisyen nan Barawona, yon zòn ki chaje ak Ayisyen. Leta te fè plizyè mwa li pa t peye pèsonèl konsila sa a. Bri te gen tan kouri yo pral fèmen l.

Dosye ansasina oswa prizonye ayisyen an Repiblik Dominikèn, pa janm yon gwo tèt chaje nonplis pou Leta ayisyen. Se rezo òganizasyon dwa moun yo, detanzantan, k ap chofe dirijan yo, pou mande yo egzije Leta dominiken desizyon sou yon seri dosye tankou paegzanp, dosye masak Guayubin nan.

Travayè ayisyen, depi digdantan, prezan nan sektè agrikòl an Repiblik Dominikèn, tankou chan kann, plantasyon kafe, tomat, diri, elatriye. Poutan, pa gen youn nan gwo chabrak Leta a ki janm rann Ayisyen nan jaden o-swa nan batèy yo, yon vizit lè y al nan rankont ofisyèl lòt bò a.

Orezime, Leta k ap fonksyone jounen jodi a an n Ayiti, pa bay sitwayèn ak sitwayen li yo pwoteksyon kit lè yo anndan, kit lè yo aletranje. Leta nou an demisyone, li prèske pa egziste, li lage responsablite l plat atè, isit kou lòtbò fwontyè. Li remèt dwa granmoun peyi a bay lòt Leta, menm pou òganize eleksyon.

Sitwayèn ak sitwayen konsekan yo dwe sanble fòs yo pou konstwi yon lòt Leta; yon Leta responsab ki anfavè tout pitit peyi a, kèlkilanswa kote yo ye a.

GARR Enfo

Montée de la violence et promesses non tenues

« Pourquoi, après 18 mois d'une augmentation spectaculaire de la violence à Port-au-Prince, les autorités sont-elles toujours incapables d'illustrer ses sources avec des jugements concrets ? « Et pourquoi les armes continuent-elles à circuler sans contrôle ? » ; « Quel est le changement réel dans la vie des pauvres après les promesses faites durant les conférences des bailleurs de fonds internationaux de Washington, Guyane et Montréal ? » ; « Quel est le rôle exact de la mission des Nations Unies (Ministah) qui manque d'assurer la protection quand la vie des citoyens est menacée par des bandits ? » Ces interrogations traduisant un fort sentiment de déception et de perplexité émergent dans un document de la Commission épiscopale haïtienne Justice et Paix qui interpelle les autorités et les citoyens de la république caribéenne, où la persistance de la violence, de l'impunité et de la misère représente encore aujourd'hui un cocktail explosif.

Dressant le bilan de trois ans d'observation de la violence dans la zone métropolitaine de la capitale, Justice et Paix note qu'elle a « sérieusement augmenté ces derniers temps » : au moins 169 personnes tuées violemment en mai et juin dernier, et 1.151 entre mars 2002 et juin 2005 (16 mois) contre 864 entre juillet 2004 et fin février 2004 (20 mois), période de la chute de l'ex-président Jean-Bertrand Aristide.

La Commission note également l'implication de nombreux jeunes et même d'enfants dans les groupes et gangs (parfois forcés à y rentrer ou par manque d'encadrement social), certains opérant sous le nom de Lavalas (parti d'Aristide), ou d'autres plus difficiles à identifier.

Tout en reconnaissant que la police est parfois elle-même victime de la violence (50 policiers tués depuis l'arrivée au pouvoir du gouvernement de transition guidé par Gérard Latortue au printemps 2004), la Commission dénonce la pratique de la détention arbitraire, les lenteurs de la justice – corrompue – et des enquêtes annoncées par l'Etat ; elle dénonce également un phénomène nouveau et représentatif d'une déchéance de la société haïtienne : la disparition du respect de la vie humaine et des morts. Et comme l'une des principales sources de la violence, « la façon de comprendre et de faire de la politique dans le pays et de mener la lutte pour le pouvoir ».

Se référant à la période des élections générales qui approche, la Commission épiscopale Justice et Paix lance un appel aux leaders politiques et sociaux : « Ne manquez pas ce moment pour entrer dans un processus de concertation, de dialogue sincère avec tous les citoyens, sans exclusion. Prenez vos responsabilités ».

Misna presse
www.misna.org